Акъбащ Ищхъэрэ и нэхъыжьыфІхэр

2-нэ нап.

«Гъуазэм» и дунейм

3-нэ нап.

СурэтыщІ ныбжьыщІэхэр утыку кърашэ

4-нэ нап.

ТхыпхъэщІыпхъэ гъэщІэгъуэнхэр

4-нэ нап.

ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№130 (24.724) • 2024 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 29, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

Прохладнэдэсхэм я дзыхь ирагъэз

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ ІуэхукІэ жэпуэгъуэм и 26-м Прохладнэ къалэ округым и администрацэм и унафэщІ къалэныр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Кожухов Кирилл ІущІащ. ИпэІуэкІэ Прохладнэм и щІыпІэ самоуправленэм и советыр арэзы хъуакІэт къулыкъур абы хуагъэфэщэнымкІэ.

КОЖУХОВ Кирилл 2019 гъэм щегъэжьауэ Май районым и администрацэм и унафэщІым и къуэдзэу щытащ, нэхъапэІуэкІэ - Прохладнэ районым ухуэныгъэхэмрэ архитектурэмкІэ и управленэм щылэжьащ, Ново-Полтавскэ къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэ, Прохладнэ районым хыхьэ Прималкинскэ къуажэм и унафэщІым и къуэдзэ ІэнатІэхэр иІыгъащ.

УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкІэ РАНХиГС-мрэ Урысейм и Президентым и администрацэмрэ къызэрагъэпэща, Къэрал унафэ зехьэкІэмкІэ еджапІэ нэхъыщхьэм къыщІигъэкІа япэ гупым щыщщ Кожухов Кирилл.

Къэралым и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щыщу къулыкъущІэ щІали 100-м щІигъу къыхахат абы щрагъэджэну. ЕджакІуэхэм щІэныгъэрэ ІэзагъкІэ къадэгуэшащ академикхэр, къэралым унафэ щызезыгъакІуэ органхэм я лэжьакІуэхэр, щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр. Къудамэ 11-м тегуэшауэ, ахэр мази 9-кІэ ирагъэджащ.

Зи гугъу тщІа программэм хыхьэн ипэкІэ, Кожухов Кирилл къиухат «Эльбрус» корпоративнэ университетыр икІи игъэхьэзыра диплом лэжьыгъэр «Сенеж» управленэмкІэ лъэщапІэм щыпхигъэкІащ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ Прохладнэ къалэм и зыужьыныгъэр зыхуэунэтІыпхъэ лъэныкъуэхэм, къалэдэсхэм уадэлажьэ зэрыхъуну щІыкІэхэм. КІуэкІуэ Казбек Кожухов Кирилл и ІэнатІэм ехъулІэныгъэхэр иІэу лэжьэну ехъуэхъуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм ящІэн папщІэ

2024 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м сыхьэти 10-м КъБР-м и Парламентым и Унэм щызэхэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІущІэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.

ХадэхэкІхэр мэбагъуэ

Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм иджыблагъэ къызэритамкІэ, губгъуэм къыщагъэкІ хадэхэкІхэм я куэдагъымкІэ къэралым и щІыналъэ нэхъыфІхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр яхэтщ.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым зэрыщІидзэрэ къэралым къыщрахьэлІэжащ япэм къэмыхъуауэ хадэхэкІыу тонн мелуани 5,5-рэ, абы щыщу тонн мелуани 4,3-р губгъуэм къыщагъэкІауэ. Ар процент І,7-кІэ нэхъыбэщ нэгъабэ и иджы хуэдэ лъэхъэнэм щыІэ бжыгъэхэм нэхърэ.

Республикэм и щІыналъэ администрацэхэм Мэкъумэш-промышленнэ комплексымкІэ я управленэхэм иджыблагъэ зэбграгъэха хъыбархэм къазэрыщыхэщымкІэ, дызэрыт илъэсым зэрыщІидзэрэ мэкъумэш, фермер, уней ІуэхущІапІэхэм псоми зэхэту кърахьэлІэжащ губгъуэм къыщагъэкІа хадэхэкІыу тонн мини 160-м щІигъу. Ар нэгъабэ и иджы хуэдэ пІалъэм щыІэ бжыгъэхэм хуэдизщ.

Иджыпсту мэкъумэшыщІэхэм зэщІакъуэж кІасэу хъу хадэхэкІхэр, хъумапІэхэми ахэр щагъэтІылъ.

Къыхэдгъэщынщи, республикэм и мэкъумэш, фермер, уней ІуэхущІапІэхэм псоми зэхэту 2023 гъэм кърахьэлІэжащ хадэхэкІыу тонн мин 283-м нэблагъэ.

Апхуэдэуи КИФЩІ-м хыхьэ щІыналъэхэм я мэкъумэш-промышленнэ комплексхэм иужьрей илъэсхэм ирагъэкІуэкІа лэжьыгъэхэм къарикІуахэр иджыблагъэ наІуэ къищІащ Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкІэ и управленэм. Абы къызэрыхэщымкІи, Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъыфІхэм яхэтщ. Псалъэм папщІэ, 2023 гъэм ди республикэм мэкъумэш продукцэу къыщІигъэкІащ псори зэхэту сом мелард 96-м щІигъу и уасэ. Ди щІыналъэр КИФЩІ-м щыещанэщ мыбдежым.

Хьэцэпэцэу, сэхурану, губгъуэм къыщагъэкІа хадэхэкІыу псори зэхэту Іуахыжам и куэдагъымкІэ дыетІуанэщ, кІэртІофымкІэ – дыещанэщ.

Хьэцэпэцэм, джэш хъурейм, кІэртІофым я бэвагъымкІэ (зы гектарым хуэзэу къытрахам и куэдагъым тещІыхьауэ) – дыяпэщ, сахуранымрэ хадэхэкІхэмкІэ ещанэ увыпІэр тІыгъщ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, иужьрей илъэситхум (2019-2023 гъэхэм) къриубыдэу мэкъумэш продукцэу ди республикэм къыщІигъэкІам и куэдагъым хуэдэ 1,5-кІэ хигъэхъуащ икІи процентк 143,1-рэ ар хъуащ. АбыкІэ Кавказ Ищхъэрэм дыщыетІуанэщ.

ТОМЭКЪУЭ Алыдж.

Лъагъуэ купщІафІэ хэзышахэр

● Ди къуэш щІыналъэм

Къэрэшей-Шэрджэсым и къалащхьэ Черкесск дэт ЩэнхабзэмкІэ унэм жэпуэгъуэм и 25-м щекІуэкІащ гуфІэгъуэ щытыкІэм тету къызэрагъэпэща зэхыхьэ.

ЗЭХУЭСЫШХУЭР теухуат а республикэм лъэпкъыбзэхэмкІэ къыщыдэкІ «Черкес хэку», «Къарачай» газетхэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум. Ар зыгъэлъапІэхэм къехъуэхъуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и Парламентымрэ и Правительствэмрэ я лІыкІуэхэр, къуэш щІыналъэхэу Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Абхъазым икІахэр.

ГуфІэгъуэ пшыхьым щекІуэкІа Іуэхугъуэхэм ящыщу, «Черкес хэку», «Къарачай» газетхэм я лэжьакІуэхэу лъэпкъ журналистикэм зыкъегъэІэтыным, зегъэужьыным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІа, къыхуагъэфэща ІэнатІэм псэ хьэлэлкІэ, ягурэ я щхьэрэ зэтету илъэс куэдкІэ бгъэдэтахэм, Къэрэшей-Шэрджэсым и Іэтащхьэм, Правительствэм, Парламентым къабгъэдэкІыу, къэрал дамыгъэхэр, щІыхьфІыщІэ тхылъхэр иратащ.

Зэхыхьэм хэтащ КъШР-м и Правительствэм и УнафэщІ Аргун Мурат, республикэм и ЦІыхубэ Зэхуэсым (Парламентым) и къудамэхэм я унафэщІхэмрэ депутатхэмрэ, Къэрэшей-Шэрджэсым и Правительствэм щыщхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Абхъазым икІахэр, республикэм и жылагъуэ ІуэхущІапІэхэм щыщхэр, къалэдэсхэмрэ хьэщІэхэмрэ.

ЗэІущІэм и пэщІэдзэм Аргун Мурат къеджащ КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид и хъуэхъу тхыгъэу «Черкес хэку», «Къарачай» газетхэм, къызэрыунэхурэ илъэсищэ зэрырикъур зыгъэлъапІэхэм, я редакцэхэм яхуэгъэзам.

«БлэкІа илъэс пщІы бжыгъэхэм газетхэр диІащ хэгъэгум, къэралым, уеблэмэ дуней псом къыщекІуэкІ Іуэхугъуэхэм дахэзыгъаплъэ

Іэмал нэхъ пажэхэм ящыщ зыуэ. КъыдэкІыгъуэхэм къытехуэ-къытрадзэ тхыгъэхэмрэ сурэтхэмкІэ цІыхухэм сытым щыгъуи щыгъуазэ зыхуащІыфырт къэрал абрагъуэм и плІанэпэ нэхъ пхыдзахэм я деж къыщыщІэдзауэ дэнэ лъэныкъуэкІи щаублэ ухуэныгъэ телъыджэхэм зэрызыкъаІэтым, абыхэм пэрыхьэхэм я щыІэкІэ-псэукІэр зыхуэдам, Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэ хьэлъэм зауэ ІэнатІэм лІыхъужьыгъэ щызезыхьахэмрэ хьэршым япэу нэсахэмрэ абдежым щызыхащІар зищІысым, нэгъуэщІхэми», - итщ Темрезов Рашид зи гугъу тщІа и тхыгъэу зэхыхьэм щІэсахэм зэхрагъэхам.

Республикэм и Іэтащхьэм и тхыгъэм адэкІи къызэрыщыхигъэщауэ, лІэщІыгъуэ псо мэхъури «Черкес хэку», «Къарачай» газетхэр, ноби уи дзыхь зэбгъэз хъун хъыбархэр къыздипхыф ІэмалыфІу зэрыщытым и мызакъуэу, жылагъуэ Іуэху еплъыкІэхэми я къызэгъэпэщакІуэщ, нэхъыщхьэжыр аращи, къэрэшей, адыгэ лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ бзэмрэ зыхъумэщ.

Зи ІэщІагъэкІэ зэхэщІыкІ лъагэ зыбгъэдэлъ, зэрыІыгъ журналист гупхэм Къэрэшей-Шэрджэсым мыхьэнэшхуэ щызиІэу къыщыхъукъыщрахьэжьэ лэжьыгъэхэр зыхуэдэр пэжагъэ ин хэлъу къагъэлъагъуэ, цІыхухэм я Іуэху бгъэдыхьэкІэеплъыкІэ дахэхэр, жыджэрхэр пхыгъэкІынымкІи сэбэпышхуэ мэхъу, УФ-м и Президент Путин Владимир къахуигъэув, псоми ди зэхуэдэ гупсысэ нэхъыщхьэхэмрэ мурадхэмрэ зыхуэдэм цІыхухэр хагъэгъуазэ. КъинэмыщІауэ, Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу лъэпкъхэр зэрызэгурыІуэр, зэрызэкъуэтыр нэхъри гъэбыдэнымкІи къалэнышхуэ ягъэзащІэ.

«ИлъэсищэмкІуэцІкІэ «Черкес хэку», «Къарачай» газетхэм яхузэфІэкІащ зэманым и гъэунэхуныгъэхэм пхыкІын, адэжьхэм я щІэиныр, гупсысэ узыншэхэр лІэщІыгъуэ псом пхрахын. Абы къыхэкІыуи, щылажьэхэм сынывохъуэхъу фІагъ зыхэлъ, мыхьэнэ зиІэ фи тхыгъэхэмкІэ фи щІэджыкІакІуэхэр дяпэкІи вгъэгуфІэну, зи ІэщІагъэм дэгъуэу хэзыщІыкІ фэ, фи зэхэтыкІэхабзэ къекІуэхэр адэкІи зезыхьэфын, фызыпэрытым пызыщэфын журналист ныбжьыщІэхэр къыфкъуэувэну!» - щыпещэ Темрезовым зи гугъу тщІа и тхыгъэу КъШР-м и Правительствэм и УнафэщІ Аргун Мурат къызэджам.

Премьер-министрым зэрыжиІауэ, интернет Іэмалхэм ди нобэрей гъащІэм хуабжьу зыщауужьами, тхылъымпІэм традзэ псалъэм и мыхьэнэр зэрылъагэр къызыгурыІуэхэр иджыри мащІэкъым. Газетхэм яІэщ езым я щІэджыкІакІуэхэри, къытехуэ тхыгъэхэр зыфІэщІэщыгъуэу къыкІэлъыкІуэ къыдэкІыгъуэм темыпыІэжу пэплъэхэри. Аргуным къыхигъэщащ щІыналъэм и хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм дяпэкІи гулъытэ хэха зэрыхуащІынури зэрызаужьын ІуэхухэмкІэ зэрызыщІагъэкъуэнури.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

● Хъыбар гуапэ

Къуршхэм я гуащэр къытхуоблэгъэж

Налшык и аэропортым къыщрагъэблэгъэжащ дуней псом щыцІэрыІуэ альпинист нэхъ лъэщхэм хабжэ хъуа адыгэ пщащэ Пекъу Алинэ. Илъэсрэ ныкъуэм къриубыдэу абы хузэфІэкІащ дунейм щынэхъ лъагэ дыдэ къурш 14-ми я щыгухэм ихьэн. Иужьрей дыдэу Алинэ дэкІащ Гималаим щыІэ, метр мини 8,027-рэ зи лъагагъ Шишабангмэ къуршым. Мис иджы ар и унэ къэкІуэжащ.

Пекъу Алинэрэ абы и анэ Маритэрэ кърагъэблэгъэжащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Къардэн Мурат, республикэм и Парламентым и депутат Безгодькэ Владимир, КъБР-м спортымкІэ и министрым и къалэнхэр пІалъэхэр зыгъэзащІэ Хьэсанэ Ислъам, КъБР-м щІалэгъуалэ ІуэхухэмкІэ и министр Лу Азэмэт, Шэджэм щІыналъэм и депутатхэм я советым и тхьэмадэ Уэдыжь Хьэсанш, КъБР-м АльпинизмымкІэ и федерацэм и унафэщІ Ольмезов Абдул-Хьэлим, КъБР-м и Олимп советым и тхьэмадэ Заруцкий Александр, РФ-м альпинизмымкІэ и федерацэм и тренер нэхъыжь Аккаев Азнаур сымэ, республикэм и ЩІалэгъуэлэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, пщащэм и благъэхэмрэ Іыхьлыхэмрэ, ныбжьэгъухэр, спортым дихьэххэр, Шэджэм щІыналъэм къикІахэр, къалэдэсхэр.

«ЦІыхум хузэфІэмыкІын, зэрыжаІэу, Алинэ хузэфІэкІащ. Нобэ дыкъэкІуащ абы и гуфІэгъуэр дэтІыгъыну, ауэ, ипэжыпІэкІэ, дэращ абы игъэлъэпІар – Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысей Федерацэм щыпсэухэрщ. Алинэ хузэфІэкІар гугъущ уи акъыл къибгъэтІэсэну, ауэ а псор абы хузэфІэкІыну къыщІэкІынтэкъым и анэ Маритэ и пхъум дэмыІэпыкъуатэмэ, зыпэрыхьэ Іуэху гугъур димыІыгъатэмэ. Абы щхьэкІи фІыщІэ лей хуэфащэщ», - жиІащ Къардэн Мурат.

Пекъу Алинэ къызэхуэсахэм фІыщІэ яхуищІащ икІи къыхигъэщащ я лъагагъкІэ мини 8-м щІигъу къуршхэм псоми я щыгум дэкІыну и хъуэпсапІэу зэрыщытар, икІи къикІуэти, абы епцІыжи зэрымыхъунутэр.

АдэкІэ къыпэщылъ Іуэхухэм щытепсэлъыхьым жиІащ зэрешар, и къарур зэтригъэувэжыну, зигъэпсэхуну зэрыхуейр, и благъэ-Іыхьлыхэм зэрабгъэдэсынур.

ИужькІэ Темыркъан Юрэ и цІэр зэрихьэу Налшык къалэм дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапІэм Пекъу Алинэ и щІыхькІэ гуфІэгъуэ пшыхь зэхашащ.

КъБР-м спортымкІэ и министр къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Хьэсанэ Ислъам къызэхуэсахэм яжриІащ адыгэ пщащэм и цІэр ди республикэм, Урысей Федерацэм, дуней псом я спорт тхыдэхэм дыщэпскІэ зэрыхитхар.

«Ар псори къехъулІащ абы хэлъ и хьэлым: къалэн зэхуигъэувэжар зригъэхъулІэн папщІэ и къару зэремыблэжам, гугъуехьхэм къызэрыпимыкІуэтам, гушхуэ зэриІэм я фІыгъэкІэ. Ар лэжьыгъэшхуэщ! Илъэсрэ ныкъуэм нэблэгъакІэ дыкІэлъыплъащ, а псор къызэрекІуэкІам. Мыбы ипэ Алинэ къыщедгъэблэгъэжам, дэ тщІэрт, зригъэхъулІахэмкІэ ар къызэрымыувыІэнур. Апхуэдэуи хъуащ. Дауэ ищІми, къурш 14-ми ар дэкІащ, гуапэуи абыкІэ дохъуэхъу!» - жиІащ Хьэсанэ Ислъам.

КъБР-м щІалэгъуалэ ІуэхухэмкІэ и министр Лу Азэмэт фІыщІэ хуищІащ Пекъу Алинэ, щІэблэм щапхъэ зэрыхуэхъум щхьэкІэ икІи къыхигъэщащ спортым цІыху нэхъыбэ дегъэхьэхынымкІэ абы и ехъулІэныгъэхэм мыхьэншхуэ зэраІэр.

ИужькІэ Пекъу Алинэ и щІыхькІэ республикэм и къэфакІуэ гупхэмрэ уэрэджыІакІуэхэмрэ концерт дахэ, гукъинэж ятащ.

Фигу къэдгъэкІыжынщи, илъэс 31-рэ зи ныбжь Пекъу Алинэ бгы нэхъ лъагэ дыдэу къалъытэхэм дэкІын щыщІидзар 2023 гъэм и мэлыжьыхьырщ икІи а зэман кІэщІым къриубыдэу хузэфІэкІащ дунейм тет къурш уардэ 14-ми и лъэр щигъэувын. Альпинистхэм я дежкІэ ехъулІэныгъэм и ехъулІэныгъэжщ ар. Апхуэдэ зэхузэфІэкІауэ дуней псом тетыр цІыху 4І-рэщ, Алини яхэту. Абыхэм ящыщу І8-м кислород баллонхэр яІыгъакъым.

Фыщыдгъэгъуэзэнщи, къурш 14-м ящыщу 10-р Гималаим щыІэщ: Джомолунгмэ (Эверест) (метр 8848-рэ), Канченджангэ (8586-рэ), Лхоцзе (85І6-рэ), Макалу (8485-рэ), Чо-Ойю (8201-рэ), Дхаулагири (8167-рэ), Манаслу (8156-рэ), Нанга-Парбат (8126-рэ), Аннапурнэ (8091-рэ), Шишабангмэ (8027-рэ). Адрейхэр Индиемрэ Китаймрэ я зэпыхьэпІэм деж щыІэ Каракорум къуршхэм яхохьэ: Чогори е К2 (8614-рэ), Гашербрум 1 (8080-рэ), Гашербрум 2 (8035-рэ), Броуд-Пик (8051-рэ).

Псом япэу къурш 14-ри зэщІэзыгъэхьэфар Италием щыщ альпинист цІэрыІуэ Месснер Райнхольдщ. Ар къыщыхуар 1970 - 1986 гъэхэрщ. ЦІыхубзхэм ящыщу Алинэ ипэкІэ ар зыхузэфІэкІар цІыхуищщ. Норвегием и альпинисткэ Харилэ Кристин, гъуэгугъэлъагъуэ Тенджен-ламэ и гъусэу 2023 гъэм къурш 14-ми дэкІащ.

Ди къэралым щыщу Богомолов Сергей и закъуэщ къурш 13-м я щыгум щхьэщыхьар, епщыкІуплІанэр къыпэщылъщ. Абы и ныбжьыр илъэс 73-рэ мэхъу.

Пекъу Алинэ хузэфІэкІащ къурш 11-м нэгъабэ дэкІыну, иужьреи 3-р мы гъэм къищтауэ аращ. Къыхэдгъэщынщи, къурш 14-м ящыщу здынэмысауэ нэгъабэ къыхуэнахэм я щыгуми щхьэщыхьэнут ар, ауэ альпинистхэр бгым дэкІыну хуит щащІ пІалъэр (я шынагъуэншагъэм теухуауэ) и кІэм нэсати, къэмыувыІэу хъуакъым. Мис иджы псори зэщІикъуащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Лъагъуэ купщIафIэ хэзышахэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.).

Премьер-министрым зэIущIэм щIэсахэм, и псалъэм къыдэкIуэу, яжриIащ щIыналъэм и Iэтащхьэ Темрезов Рашид и унафэкIэ Къэрэшей-Шэрджэсым лъэпкъыбзэхэмкIэ къыщыдэкI «Абазашта», «День республики», «Къарачай», «Ногай давысы», «Черкес хэку» газетхэм ящыщ дэтхэнэми Lada Vesta автомобилыщIэхэр зэрыратар.

Республикэм и ЦIыхубэ Зэхуэсым (Парламентым) и УнафэщI Иванов Александр и цIэкIэ, зи юбилейр зыгъэлъапIэ газетитIым щылажьэхэмрэ ветеранхэмрэ хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ КъШР-м Лъэпкъ политикэмкIэ, республикэм и щIыб зэпыщIэныгъэхэмкIэ, хьэрычэтыщIэу щымыт зэгухьэныгъэхэм я Iуэхухэмрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым и унафэщI Темрезов Наурыз.

- Илъэсищэр пIалъэ кIыхьщ. Редакцэхэм илъэс пщIы бжыгъэкIэрэ щылэжьащ республикэм и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа усакIуэхэр, тхакIуэхэр, журналистхэр. Абыхэм ящыщщ Батчаев Мыхьэмэт, Каракетов Хьисэ, Байрамуковэ Хьэлимэт, Мамхэгъ Шыхьбан, Гъуэщокъуэ Хъусин, Ботэщ Ибрэхьим сымэ, нэгъуэщIхэри. НэхъыжьыфIхэр зытета хабзэ-бзыпхъэхэм ирогъуазэ ди газетхэм щылажьэ иджырей журналистхэри. Мыдрейуэ дызыгъэгушхуэщ икIи дызыгъэгуфIэщ «Къарачай», «Черкес хэку» газетхэм я махуэшхуэр зэуIуу зэрызэдагъэлъапIэри. Ари и зы щыхьэтщ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIахэм я зэхуаку зэгурыIуэныгъи зэрылъыти ди деж дяпэкIи зэрыщыдэлъынум, - жиIащ абы.

ЗэIущIэм къызэрыщыхагъэщауэ, КъШР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ, «Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и журналист» цIэ лъапIэр фIащащ «Къарачай», «Черкес хэку» газетхэм я лэжьакIуэхэу Байрамкуловэ Зульфия, Дзэмыхь Маринэ, Хубиевэ ФатIимэ, Туаршы Иринэ сымэ, «Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и экономист» хъуащ газетитIым я бухгалтер нэхъыщхьэхэу ЛIымахуэ Iэсятрэ Эбзеевэ Марьянэрэ. Апхуэдэуи, щIыналъэм и Iэтащхьэм къыбгъэдэкIа ЩIыхь, ФIыщIэ тхылъхэмкIэ, КъШР-м и Правительствэм къыбгъэдэкIа ЩIыхь тхылъхэмкIэ ягъэпэжащ газетитIым я редактор нэхъыщхьэхэмрэ я лэжьакIуэ зыбжанэмрэ.

ЩIыхь тхылъхэмрэ тыгъэ лъапIэхэмкIэ «Къарачай», «Черкес хэку» газетхэм я журналистхэр зыгъэгуфIахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Абхъазым я лIыкIуэхэри. Апхуэдэу, ди щIыналъэм икIахэм шуупэгъуазэу диIа, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетэм и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч «Черкес хэку» «Къарачай» газетхэм щылажьэхэм хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ.

- Нобэ вгъэлъапIэ фи махуэшхуэмкIэ дынывохъуэхъу! Фи газетхэм къыдэкIын зэрыщIидзэрэ блэкIа илъэсищэм къалэн куэд игъэзащIэу къекIуэкIащ, иджыри апхуэдэщ. «Адыгэ псэукIэр» (арат революцэ нэужьым а щIыналъэм къыщыунэхуа адыгэ лъэпкъ газетэм зэреджэу щытар) традзэн щрагъэжьам гугъуехь куэдым пэщIэхуащ, цIыхубэм я пащхьэм щихь жэуаплыныгъэр ину щытащ. Ауэ адыгэбзэрэ къэрэшеибзэкIэ газет къыдэкIын зэрыщIидзам игъэгушхуэр куэдти, лъагъуэ купщIафIэ хашри, гъуэгу бгъуфIэ теуващ. Нобэрей «Черкес хэкумрэ» «Къарачай»-мрэ цIыхухэм хъыбар яригъащIэрэ къудейкъым, атIэ газет жыпхъэм икIри, Iэмал куэд зиIэ къыдэкIыгъуэ хъуащ. Ахэр лъэпкъым и джакIуэщ, адыгэбзэмрэ къэрэшеибзэмрэ я хъумакIуэщ, я лъагъуэхэшщ, цIыхубэм я гупсысэр зыунэтIщ.

Газетхэм я лэжьакIуэхэр жыджэру хэтщ щIыналъэм щекIуэкI политикэ, жылагъуэ Iуэхухэм, Къэрэшей-Шэрджэсым и зыужьыныгъэр ди пащхьэ къралъхьэ, цIыхубэ зэхэтыкIэмрэ псэукIэмрэ ефIэкIуэным я къалэмыр жану хуагъабзэ. ДэркIэ нэхъыщхьэращи, адыгэ, къэрэшей зэрыс республикэхэм къыщыдэкI лъэпкъ газетхэм ди зэпыщIэныгъэр гъэбыдэным и гуащIэ хилъхьэ зэпытщ, гуапэу дызэрощIэ, дызэдолажьэ, дызэкIэлъокIуэ.

Иджыблагъэ лъэбакъуэщIэ тчащ абы и лъэныкъуэкIэ: журналистхэмкIэ дызэхъуажэурэ къуэш редакцэхэм щыдогъэлажьэ, зэхуахьэс тхыгъэхэр КъБР-м, КъШР-м, Адыгэ Республикэм къыщыдэкI газетхэм къытыдодзэж. Абы, шэч хэмылъу, дызэрызэкъуэшыр егъэбыдэ, ди зэхущытыкIэхэр нэхъри ирегъэфIакIуэ. «Черкес хэку» хущIокъу хамэ къэралхэм щикъухьа ди лъэпкъэгъухэми гулъытэ лей яхуищIыным, лъэпкъ Iуэхур ипэкIэ игъэкIуэтэным. А псоми щIэщыгъуэ, купщIафIэ, щхьэпэ ящI газетым и дэтхэнэ къыдэкIыгъуэри. Ди лэжьэгъухэм дохъуэхъу узыншагъэ быдэ яIэу, я лэжьыгъэм къыпэкIуэ хъерым я гур щыз ищIу, я щхьэкIи, я унагъуэкIи, я IуэхукIи гукъеуэ ямыIэу псэуну, республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газет закъуэр дяпэкIи ефIэкIуэну! - жиIащ Жыласэм, «Адыгэ псалъэ» газетым щылажьэхэм я цIэкIэ къыщыпсалъэм.

Махуэшхуэм хуагъэхьэзыпат зэIущIэм щIэсахэм щIэщыгъуэ ящыхъуа, республикэм къыщыдэкI газетхэм я къэунэхукIэ хъуам, илъэс пщIы бжыгъэхэм къриубыдэу я Iуэху къызэрекIуэкIам щытепсэлъыхьыжа фильмхэри.

ЩэнхабзэмкIэ унэм щекIуэкIа зэхыхьэр апхуэдэуи ягъэдэхащ Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и уэрэджыIакIуэхэмрэ и къэфакIуэ гупхэмрэ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн,
Налшык - Черкесск - Налшык.

IэщIагъэм хуэпэжащ

Жэпуэгъуэм и 29-м илъэс 90 ирокъу прокуратурэм илъэс куэдкIэ щылэжьа, юстицэм и чэнджэщэгъу нэхъыщхьэу щыта, тхакIуэ Сэрахъэ Александр къызэралъхурэ. Ар 1934 гъэм КъБАССР-м и Курп районым хиубыдэ Мэлгъэбэг къуажэм къыщалъхуащ. Дон Iус Ростов киномеханикхэм я IэщIагъэр щызригъэгъуэтри, абы пIалъэкIи ирилэжьащ. ИужькIэ, район газетым корреспонденту щыIащ. Журналист ныбжьыщIэр партым и район комитетым ираджэу Саратов юридическэ институтым щеджэну Iэмал къыхуагъэлъэгъуа нэужь, ар куэдрэ мыгупсысэу Саратов ежьащ, икIи а IэщIагъэм хуеджащ егъэлеяуэ дихьэхыу. Криминалистикэм нэхъ тригъэщIащ. Сурэт щащIыж лабораторэм зэман куэд щигъакIуэрт щIалэм. Сэрахъэм къыдигъэкIащ сурэт альбом зыбжани.

ИНСТИТУТ нэужьым, юрист ныбжьыщIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуэжащ. Прохладнэ къалэм и прокуратурэм лэжьэн щригъэжьащ 1963 гъэм. Ар прокурорым и дэIэпыкъуэгъут. А зэманым къалэм и прокурорт Кольченкэ Василий. Абы и деж куэдым зыщыхуигъэсащ щIалэм. Илъэс зыбжанэ дэкIри, КъБАССР-м и прокуратурэм и аппаратым хагъэхьащ прокурорым уголовнэ Iуэхухэм хэплъэнымкIэ и дэIэпыкъуэгъуу.

1970 гъэм Сэрахъэ Александр Тэрч районым и прокурор хъуащ. ИужькIэ, КъБАССР-м и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу IэнатIэм етIуанэу ираджащ. 1975 гъэм Бахъсэн щIыналъэм и прокурор ящIащ. Налшык транспорт прокуратурэр къыщыунэхуа нэужь, Сэрахъэр абы и прокурорым и дэIэпыкъуэгъу, прокурорым и къалэнхэр игъэзащIэу зы зэманкIэ лэжьащ. ИужькIэ, республикэ прокуратурэм надзорымкIэ и къудамэм и прокурор хъуащ. Абы нэмыщI, Налшык и Ленинскэ районым и прокурорым и дэIэпыкъуэгъут, следственнэ отделым и прокурор нэхъыжьым и къалэнхэр игъэзащIэрт. 1997 гъэ пщIондэ, пенсэм кIуэн ипэ къихуэу, пэрытащ республикэм и прокуратурэм и управленэм следствием кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм, оперативнэ-лъыхъуакIуэ Iуэхухэм и прокурор IэнатIэм.

1997 гъэм республикэм и прокуратурэм и ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу хаха Сэрахъэрщ Къэбэрдей-Балъкъэр прокуратурэм и тхыдэм теухуа музей къызэгъэпэщыныр зи жэрдэмыр.

Сэрахъэ Александр иIыгъа IэнатIэхэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIхэм папщIэ мызэ-мытIэу къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэхэр. Абы и гуащIэм гулъытэ къыхуищIащ Урысей Федерацэм и Генеральнэ прокуратурэми. Сэрахъэм «За верность закону» дамыгъэм и япэ нагъыщэр, «Урысей Федерацэм и Прокуратурэм щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» дамыгъэр, «Прокуратурэм и ветеран» медалыр, УФ-м и Генеральнэ прокурорым и щIыхь тхылъыр къыхуагъэфэщащ. 2005 гъэм кърату КъБР-м и Парламентым и ЩIыхь тхылъыр. Пенсэ кIуа нэужьи, Сэрахъэр и лэжьэгъухэм япыщIауэ щытащ IуэхукIи чэнджэщ щхьэпэхэмкIи. Прокуратурэм и органхэм ар хэтащ 1963 гъэм щегъэжьауэ 1997 гъэ пщIондэ.

Сэрахъэ Александр тхакIуэуи щытащ. 2005 гъэм ар хагъэхьащ Урысейм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм. Абы и IэдакъэкIэ къыщIэкIащ щIэпхъаджагъэм пэщIэтыным, суд Iуэхухэм теухуа, детектив жанрым ит художественнэ тхыгъэу тхылъ 20-м нэблагъэ. Сэрахъэм и тхыгъэхэм щыщ куэдым и гугъу щещI республикэм и прокуратурэм и тхыдэм.

Иджыри студенту Саратов щыщыIам, Сэрахъэ Александр ныбжьэгъу хуэхъуащ а зэманым аспиранту щыта Къалмыкъ Юрэ. ЩIалэхэр зы общежитие щыпсэурт. ЕджапIэр къауха нэужьи, абыхэм я зэныбжьэгъугъэр къэтIэсхъакъым. «Друг мой Юрий» тхылъыр Сэрахъэм триухуащ Къалмыкъым. И ныбжьэгъур илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу (абы щыгъуэ Къалмыкъыр псэужтэкъым) Сэрахъэ Александр абы триха сурэтхэр зэрыт «Светильник разума» сурэт альбомыр къыдигъэкIауэ щытащ.

2022 гъэм фокIадэм и 23-м дунейм ехыжащ юстицэм и советник нэхъыжь Сэрахъэ Александр. Абы и щIэблэри и лъэужьым ирикIуащ. И щIалэ Арсен къалэ судым и федеральнэ судьящ, и хъыджэбз Мадинэ нотариусщ.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

● Жэпуэгъуэм и 30-р Политикэ щхьэусыгъуэкIэ зэхэзехуэн зэращIам и зэранкIэ хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ

Захуагъэм гъуэгу игъуэтыжат

СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм ЛъэщыгъэкIэ я хэкум ираша лъэпкъхэм иращIар къуаншагъэу къызэрилъытэмкIэ 1989 гъэм къищта декларацэм цIыху мелуанхэм я гъащIэр ихъуэжауэ щытащ. Зи адэ-анэхэр, адэшхуэ-анэшхуэхэр къэралым щыпсэу цIыхубэм я бийуэ ягъэIуауэ, нэмыплъ зрату зи гъащIэр зыхьа цIыхухэм я нэр къэплъэжат абы щыгъуэ. Захуагъэр тепщэ ищIыжыпащ 1991 гъэм «Политикэ репрессием ихьахэр ухеижынымкIэ» хабзэр къыдэкIа нэужь.

ЗИ гугъу тщIы махуэр махуэгъэпсым къыхагъэщыныр тыншу гъуэгу зыгъуэтахэм ящыщкъым. Жэпуэгъуэм и 30-р политикэ репрессиехэм яхьахэм я щхьэр къыщаIэт махуэ щыхъуар 1974 гъэрщ, къызэрыщIидзари тутнакъэщым исхэм я махуэущ. Ауэ Урысейм демократиер цIыхубэ хабзэу зэригъэуврэ, ипэрей унафэщIхэм яIэщIэкIа унафэ хэхахэр щыуагъэу къызэрилъытэжрэ, илъэс къэс къалэшхуэхэми нэхъ цIыкIухэми нобэ хуэдэ махуэм ягу къыщагъэкIыж лажьэ зимыIэу лей зытехьахэм я цIэхэр. Лъэпкъ псохэр хамэ щIыпIэм зэрашам щыгъуэ махуэхэр хухахауэ щытми, жэпуэгъуэм и 30-м пцIы зытралъхьэу лей зытрагъэхьа псори ягу къагъэкIыж, нэпсхэр хущIагъэкI, удз гъэгъахэр я фэеплъхэм хутралъхьэ.

Нобэ ди уэршэрэгъущ «Адыгэ псалъэм» и ныбжьэгъу пэж, щIэх-щIэхыурэ ди редакцэм къытхуеблагъэ цIыхубэ лэжьакIуэ Ульбашевэ Мэржан. Лей зытехьэм игу щIэузу, итIани и псалъэ нахуэр сампIэм имыхьэ къамэм хуэдэу зезыхьэу къэгъуэгурыкIуа Мэржан илъэс зыбжанэкIэ зэрихьащ «Дуней удзыфэ» псапащIэ зэгухьэныгъэр. Ауэ нобэ ар ди редакцэм къэзышар и гуащIэшхуэ зрихьэлIа и адрей къулыкъурщ. Мэржан илъэс зыбжанэкIэ пэрытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу Политикэ репрессием ихьахэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ IэнатIэм. Ульбашевэр езыр хэтащ Мэзкуу япэу щызэхаша, лажьэ ямыIэу лей зытехьахэр щаухеижа зэIущIэшхуэми, Политикэ репрессием хэкIуэдахэм я фэеплъу ди къэралым япэу щагъэува фэеплъыр къыщызэIуаха, Геленджик къалэм хыхьэ Кабардинкэ поселкэм щекIуэкIа дауэдапщэми.

ЦIыхум пцIы теплъхьэу бгъэунэхъуну тынш щхьэкIэ, захуагъэм гъуэгу етыжын мурадым вакъэ куэд толажьэ. Ди пащхьэм илъщ Ульбашевэ Мэржан а зэманым КъБР-м и Президент къулыкъум тета КIуэкIуэ Валерэ хуигъэхьа лъэIу тхылъыр. ИлъэсиплIкIэ къулыкъущIэ пэшхэм я бжэхэм теуIуэурэ, «тедгъэкIуэдэн ахъшэ диIэкъым» жэуапым фIэкIа зымыгъуэта цIыхубзым икIэм-икIэжым республикэм и лIыщхьэм зыхуигъэзащ: «Урысейм политикэ репрессиехэм щыхиубыдахэм я фэеплъ къалэ куэдым щыхуагъэуващ. Балъкъэр лъэпкъым ар къызэрехъулIар а Iуэхум зэрыбгъэдыхьа нэмыс лъагэм и щыхьэтщ. Ауэ иджы зи гугъу сщIыр псоми я зэхуэдэ фэеплъщ, сыту жыпIэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым политикэ дэкъузэныгъэкIэ щагъэкIуэдащ цIыху 55000-м нэс: адыгэу, балъкъэру, урысу, алыджу, ермэлыуэ, украину, корейуэ, тэтэру».

«Мэзкуу щекIуэкIа зэхуэсым сыкъикIыжа нэужь, 2003 гъэм Кабардинкэ поселкэм цIыхуи 10 дагъэкIуауэ щытащ, абы Политикэ репрессием ихьахэм папщIэ фэеплъ къыщыщызэIуах махуэм ирихьэлIэу. Ди республикэм япэу апхуэдэ щыдгъэувар МафIэ мыужьыхым дежщ, фэеплъ мывэ дгъэтIылъат. ИужькIэ ди зэгухьэныгъэм и къудамэхэр районхэм къыщызэIутхыу щIэддзащ».

Мэржан и цIэр фIыкIэ кърейIуэ къыдиха Iуэхур къыдэзыIыгъа къулыкъущIэхэм: Налшык къалэтету щыта, и щхьэкIэ политикэ дэкъузэныгъэм хиубыда Берд Хьэзрэталий, Аруан районым и унафэщIу а зэманым лэжьа, Политикэ репрессием хиубыдахэм я зэгухьэныгъэ япэу къызэзыгъэпэщахэм яз Балъкъыз Замир, Къэщкъэтау къуажэм фэеплъ щыгъэувынымкIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъуа Замаев Кязим, Аушыджэр дэт фэеплъыр зи ахъшэкIэ зыгъэува нэ дохутыр ХьэцIыкIу Борис сымэ. Зил мыузым а фэеплъхэм мыхьэнэшхуэ ямыIэу къащыхъу щхьэкIэ, зи цIэ къудей ямыщIэж куэд щIы фIыцIэм игъэпщкIуащ а лъэхъэнэ ябгэм. «А псом дыщIыхуейр къыкIэлъыкIуэ щIэблэм я адэжьхэм я тхыдэр ящIэжын папщIэщ, - щетх Мэржан цIыхубэм яхуигъэза тхыгъэхэм я зым. Лъэпкъ псохэр зыхьа мыпхуэдэ гузэвэгъуэм зэи къытримыгъэзэн хуэдэу, нобэ псэухэм захуагъэр я гум илъу къэтэджын хуейщ».

Куэд щIащ Мэржан и щхьэ Iуэху къудейкIэ фIэкIа и унэм къызэрыщIэмыкIыжрэ. Зи къуэ закъуэр лъэужьыншэу кIуэда бзылъхугъэр фIым щыгугъыу, езым псэуху зэхуихьэса сом мин 200-мкIэ Къэщкъэтау дэт, Политикэ репрессием ихьахэм я фэеплъыр иригъэгъэуващ. Ауэ езыр къызыхэкIа балъкъэрхэм я закъуэкъым Мэржан зи Iуэху зэрихуэр. Лъэпкъ зэхэгъэж жыхуаIэр зымыщIэ цIыхубзым и гур захуагъэм щIэбэн зэпыту апхуэдэщ.

«Балъкъэрхэр гъатхэпэм и 8-м зэрырашар псоми ящIэ. Ауэ куэд щыгъуазэкъым а 1944 илъэс дыдэм мэкъуауэгъуэм и 22-м адыгэ 1643-рэ ди республикэм ирашу балъкъэрхэм кIэлъагъэкIуауэ зэрыщытар», - жеIэ Мэржан.

«Тхьэм пщимыгъэгъупщэкIэ», - жраIэ гуауэ зиIэхэм щахуэгузавэкIэ. А псалъэхэм нэхърэ нэхъ хьэлъи зи мыхьэнэр нэхъ кууи мы махуэм цIыхум къыпхужьэдэшынукъым.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Зауэм и бынхэр

Акъбащ Ищхъэрэм и нэхъыжьыфIхэр

УФ-м и компартым къызэригъэпэща «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм хэтхэм, жьы хъуа цIыхухэм жэпуэгъуэ мазэр хухахауэ, республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэхэм, курыт еджапIэхэм зэIущIэ дахэхэр щрагъэкIуэкI.

АПХУЭДЭУ, зи гугъу тщIы а зэгухьэныгъэм Тэрч щIыналъэм щиIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Дыкъуэ Хьэжбий, жьы хъуахэм папщIэ хухаха мазэм ипкъ иту, Акъбащ Ищхъэрэ къуажэм дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм къыщызэригъэпэщат нэхъыжьыфIхэм я зэхыхьэ. Абы хэтащ курыт еджапIэм щеджэ цIыкIухэмрэ я гъэсакIуэхэмрэ.

Утыкур хуит хуащIу, Хьэжбий къыщыпсалъэм жиIащ:

- Жэпуэгъуэ мазэр жьы хъуа цIыхухэм зэрыхухахар ди тегъэщIапIэу районым къыщызэдгъэпэщ зэхыхьэхэр зытеухуар фэращ, ди нэхъыжьыфIхэрщ. Дэ тхузэфIэкI тщIэн хуейщ, Хэкур зыхъумэжыну зэуапIэм кIуа фи адэ, фи къуэш, дэлъху нэхъыжьхэм, къагъэна къэлэнхэм фыпэрыувэу, фи псэ фемыблэжу фызэрылэжьар, гугъуехьрэ хьэзабу фшэчар зыхуэдизыр, щIалэгъуалэр щыгъэгъуэзэным теухуауэ. «БлэкIар зымыщIэм къэкIуэни иIэкъым» жыхуиIэращ. Узыншагъэрэ бын гуфIэгъуэрэ фыщымыщIэу, Тхьэм куэдрэ ди япэ фригъэт! Дэ фхэтлъхьэнущ «Зауэм и бынхэр» псалъэхэр зытратха фэеплъ медалхэр.

Зи цIэ-унэцIэ къраIуэурэ къыдаш нэхъыжьыфIхэр тепсэлъыхьыжащ я сабиигъуэм я нэгум щIэкIа Iуэхугъуэхэм. Ахэр пэшым щIэсхэм ехъуэхъуащ, «ди нэгу щIэкIа гугъуехьхэм хуэдэ фи пщыхьэпIи Тхьэм къыхимыгъахуэкIэ!» жаIэу.

ЩэнхабзэмкIэ унэм щагъасэ къэфакIуэ цIыкIухэмрэ курыт еджапIэм щеджэ ныбжьыщIэхэмрэ зэгъусэу ягъэхьэзыра нэгузыужь концертымкIэ зэхуэсыр зэхуащIыжащ.

КЪАНКЪУЛ Зазий.

● Прокуратурэм къет

И бынхэм ядэIэпыкъуртэкъым

Тэрч районым и прокуратурэм щIигъэбыдащ щIыпIэм щыпсэум ехьэлIа уголовнэ Iуэхур. Ар ягъэкъуаншэ УФ-м и УК-м и 157-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм ипкъ иткIэ балигъ мыхъуа и сабийхэм папщIэ итын хуей алиментым щхьэусыгъуэншэу мызэ-мытIэу зэрызэпигъэуам къыхэкIыу.

АБЫ сом 56 000-м щIигъу щIыхуэ зэтригъэхьащ.

Уголовнэ Iуэхур судым Iэрагъэхьащ.

Апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зылэжьыр хабзэм къызэригъэувымкIэ зы илъэскIэ ягъэтIыс.

Зыхуей хуагъэзэжащ

ХуабэкIэ къызэгъэпэщынымкIэ федеральнэ хабзэм къигъэувыр «Теректеплоснаб» МУП-м зэригъэзащIэр Тэрч районым и прокуратурэм къипщытащ.

IУЭХУР щрагъэкIуэкIым къыщIагъэщащ Тэрч районыр хуабэкIэ къызэзыгъэпэщ котельнэу 10-м никъусаныгъэхэр зэрыщыIэр. КъинэмыщIауэ, хуабэ зэрыкIуэхэр, Iэмэпсымэхэмрэ котельнэ унэхэмрэ гъэплъыгъуэ зэманым хуэгъэхьэзырыныр яухатэкъым.

IуэхущIапIэм и унафэщIым хуагъэлъэгъуа никъусаныгъэхэр зэрагъэзэхуэжащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Бжьыпэр иIыгъщ

Америкэм къыщыдэкI журналхэм ящыщ зым иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм къызэрагъэлъэгъуамкIэ, Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэр дуней псом нэхъ лъэщ дыдэу къыщалъытащ. Абы къыкIэлъокIуэ США-м и армэр. Ещанэ увыпIэм щытщ Израилыр, еплIанэм - Китайр. Украинэм еянэ увыпIэр иубыдащ. Дунейм псом и армэ нэхъ лъэщ дыдэу къагъэлъэгъуаипщIым хохьэ Корея Ипщэр, Иранир, Великобританиер, Германиер, Тыркур.

КЪЭПЩЫТЭНЫГЪЭР езыгъэкIуэкIахэм къызэрыхагъэщымкIэ, дуней псом IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къару нэхъ лъэщ дыдэр къагъэнэIуэнымкIэ ирагъэкIуэкIа щIэупщIэныгъэм хэтащ къэрал зэхуэмыдэхэм щыпсэу, IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрыт цIыхухэр. Iуэхум къыхалъытащ армэм хэт цIыху бжыгъэр, иджырей технологиехэмкIэ къызэрызэгъэпэщар, IэщэкIэ зэрызэщIэузэдар, дзэм къулыкъу щызыщIэхэр я къалэным зэрыхуэхьэзырым и фIагъыр.

ЩытыкIэм егъэгузавэ

Китайм и промышленность IэнатIэм къит хэхъуэр зэман кIэщIым къриубыдэу фIыуэ нэхъ мащIэ хъуащ. Мы гъэм и фокIадэ мазэм ар, илъэсым къриубыдэу къит хэхъуэм тещIыхьауэ, процент 27,1-кIэ ехуэхащ. Абы щыхьэт тохъуэ къэралым БжыгъэмкIэ и лъэпкъ бюрор. НэхъапэкIэ апхуэдэ щытыкIэ къэралыр щитар пандемием и лъэхъэнэрщ.

2024 гъэм и щIышылэ мазэм щегъэжьауэ фокIадэ хъуху къэралым и промышленнэ IуэхущIапIэхэм я хэхъуэр проценти 6,5-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Псом хуэмыдэу хэщIыныгъэшхуэ иIэщ ухуэныгъэ IэнатIэм - абы и хэхъуэр процент 51-кIэ ехуэхащ. Я Iэхухэр щIагъуэкъым фIамыщI къыщIэхыным (процент 21,9-рэ), Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр щагъэхьэзыр (проценти 7,2-рэ) IэнатIэхэми. Къапщтэмэ, щэкI щызэIуащэ, электроIэмэпсымэхэр, гъущIхэкI зэмылIэужьыгъуэхэр къыщыщIагъэкI IуэхущIапIэхэр зэкIэ щытыкIэ гуъум къиухутакъым, ахэр хэхъуэ яIэу мэлажьэ.

Жэпуэгъуэм и 29, *гъубж*

♦**Инсультым пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Комсомолыр къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦**1943 гъэм** Налшык ФЗО школ къыщызэIуахащ.

♦**1930 гъэм** къалъхуащ АР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-мрэ АР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Пэнэф Сэфар**.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ юрист, тхакIуэ **Сэрахъэ Александр**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Балъкъэр Тамарэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 12 - 14, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 30, *бэрэжьей*

♦**Политикэ щхьэусыгъуэкIэ зэхэзехуэн зэращIам и зэранкIэ хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ**

♦**Урысейм и дзэ-тенджыз флотым и махуэщ**

♦**Урысейм щагъэлъапIэ инженер-механикхэм я махуэр**

♦**1711 гъэм** Къэбэрдей шууейхэм Мурад-СулътIан зи пашэ шуудзэр хагъэщIат.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ Мысырым и дзэ къулыкъущIэ, Штаб нэхъыщхьэм и унафэщIу, къэралым зыхъумэжыныгъэмкIэ и министру щыта **Февзи (Хьэхъу) Мухьэмэд**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ кхъухьлъатэзехуэ, Иорданием и ЛIыхъужь **Шурдым Ихьсан**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI живописец, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Акъсырэ Михаил**.

♦**1972 гъэм** къалъхуащ коллекционер, публицист **Тхьэкъуахъуэ Iэуес**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэтекIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 13 - 14, жэщым градуси 4 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Акъыл зиIэм и щхьэ урилъытынщ.

Ислъамым и нур



ПIланэпэр зыгъэхьэзырар
ЧЭРИМ Марианнэщ

Сэ сыптоукIытыхь, уэ укъысщыукIытэркъым

Муслъымэн щэнхабзэм «хьэдис лъапIэкIэ» еджэу жыIэгъуэ къызэрымыкIуэхэр хэтщ. Ар Алыхьталэм и псалъэу КъурIэн лъапIэм имыхуа псалъэхэрщ. Я ухуэкIэмкIи гум зэрылъэIэс кууагъымкIи ахэр тхыгъэ гукъинэж защIэщ. ЦIыхур зэрыт щытыкIэм елъытауэ, хьэдис лъапIэхэр, хущхъуэгъуэм хуэдэу, гуми псэми йоIусэ.

ЖЕIЭ Алыхьу Лъагэрэ ЛъапIэм:

- Уа Iэдэм и бын! Сэ сыкъегъэуIэбжь зэрылIэжынур ищIэу гуфIэм, жэуап зэрырагъэхьынур ищIэу, мылъку зэхуэзыхьэсым, мащэр къызэрыпэплъэр ищIэрэ пэт, дыхьэшхым. СыкъегъэуIэбжь Къемэт Махуэр къызэрысынур ищIэу, ар къызыфIэмыIуэхум, дунеягъэ гъащIэр зэрыкIэщIыр ищIэу, гупсэхум. СыкъегъэуIэбжь зи щIэныгъэр и бзэгупэм телъу, зигу имылъым. И щIыфэр псыкIэ зыгъэкъабзэу, и гумрэ и псэмрэ зэрыщыту къэзыгъанэм. СыкъегъэуIэбжь адрей цIыхухэм я дагъуэр зэIипщIыкIыу, езым и дагъуэхэм теплъэкъукIым, Алыхьу Лъагэрэ ЛъапIэр къызэреплъыр ищIэрэ пэт, Абы жыIэщIэ хуэмыхъум. И закъуэу зэрылIэнур, и закъуэу мащэм зэрилъынур, и закъуэу жэуап зэрырагъэтынур ищIэрэ пэт, цIыхухэм я деж нэгузыужьыпIэ къыщызылъыхъуэм. Пэжращи, Сэр фIэкIа Тхьэ щыIэкъым, щэлатымрэ сэламымрэ зэха Мухьэмэд си пщылIщ икIи си ЛIыкIуэщ.

- Уа Iэдэм и бын! МащIэм арэзы техъуи, зыми ухуэныкъуэнукъым. Фыгъуэныр зыхэни, уи гур псэхунущ. Хьэрэмым зыщыхъуми, уи фIэщхъуныгъэм фэрыщIыгъэ къыхыхьэнукъым. Адрейхэм яхуэпсэлъэным зыщызыдзейр Си Лъагъуныгъэм зэщIищтэнущ. ЦIыхухэм япэIэщIэ зызыщIыр абыхэм я бэлыхьым къелынущ. МащIэ жызыIэм и акъылым зиузэщIынущ. Куэдым щIэмыхъуэпсыр Алыхьталэм игъэщIэхъунукъым.

- Уа Iэдэм и бын! ДунеягъэкIэ хэщIам игъэнэщхъейр Алыхьым пэжыжьэ хъуурэ макIуэ. Мы гъащIэм гугъуехь фIэкIа щигъуэтынукъым апхуэдэ цIыхум, ахърэтми щытыншынукъым. Абы и гум Алыхьталэм кърилъхьэнущ зэи зымыбгынэжыну гузэвэгъуэ, зэи хумыгъэнщIыну хуэныкъуэныгъэ, сытым дежи зыгъэпIейтеину гугъэ. Уа Iэдэм и бын! Махуэ къэс уи гъащIэм хощI, уэ абы гу лъыптэркъым. Сэ махуэ къэмынэу пшхын Узот, уэ ФIыщIэ къысхуэпщIыркъым, мащIэкIэ арэзы ухъуркъым, куэдми уигъэнщIыркъым.

- Уа Iэдэм и бын! Зы махуи къанэркъым Сэ уи ерыскъыр НыпхуэзымутIыпщу, зы жэщи къанэркъым, уэ зэхэпщIыхьахэр мелыIычхэм къысхуамыIуэтэжу. Сэ уэстыр зыбохьэлIэ, ауэ щыхъукIэ Си Унафэм укъыщIэувэркъым. Сэ укъызолъэIу, узыхуейри ПхузощIэ, Си фIыгъуэр ныпIэрохьэ, ауэ щыхъукIэ, уи IуэхущIафэ Iейхэм я хъыбар си деж къоIус. Уи Iуэху дэзыгъэкI Сэ Сызэрылъагэм еплъ! Уэ пхуэдэ Си пщылIри узэрымыхьэнэншэм еплъ! Армырами уэстынур къыбодыгъу, Сэ зэхэпщIыхьахэр пхузобзыщI. Сэ сыптоукIытыхь, уэ укъысщыукIытэркъым. Сэ сызыщыбогъэгъупщэри, адрейхэм я цIэр къыбоIуэ. ЦIыхухэм уащошынэ, Сэ укъысщышынэркъым. ЦIыхухэм ягу къыпщыкIынкIэ уогузавэ, Сэ сыпхуэгубжьынкIэ угузавэркъым.

ЖеIэ Алыхьу Лъагэрэ ЛъапIэм:

- Фэри адрей къэзгъэщIа псоми Сэ Сызэрызакъуэм и щыхьэт наIуэхэр фхэспщащ. КъэгъэщIыгъэм Сэ гуэгъу щызиIэкъым, щэлатымрэ сэламымрэ зэха Мухьэмэд Си пщылIщ икIи Си ЛIыкIуэщ. И натIэ истха гъащIэмкIэ къысхуэмыарэзырэ Сэ зэрызгъэунэхухэм зыщызыдзейр, Сэ хуэсщIэр фIыщIэ имыщIрэ Сэ естымкIэ иримыкъур - а псомкIэ къысхуигъэдэн нэгъуэщI Тхьэ кърегъуэти хурепщылI.

- Дунеягъэ Iуэхухэм игъэнэщхъейр Сэ къысхуэгубжьу аращ, гузэвэгъуэм игъэтхьэусыхэр щIэтхьэусыхэр Сэращ. ЦIыху бейм бгъэдыхьэу, и мылъкум и хьэтыркIэ абы зыхуэзыгъэлъахъшэм и фIэщхъуныгъэм и Iыхьэ щанэр фIэкIуэдауэ аращ.

- ЛIэныгъэм арэзы темыхъуэр *(и Iыхьлы дунейм ехыжауэ е нэгъуэщIу)* Iэщэ къищтэу Сэ къыспэщIэуvауэ аращ. Мащэм щхьэщыт къудамэр зэпызыщIыкIым Си Чабэм и щIыхьэпIэр икъутам хуэдэщ.

- И ерыскъыр дэнэ лъэныкъуэкIэ къикIми къызыфIэмыIуэхум *(хьэрэмымрэ хьэлэлымрэ емылIалIэм)*, Жыхьэнмэм дэтхэнэ куэбжэмкIэ щIашэнуми къыфIэмыIуэхуу аращ. И диным ипкъ иткIэ и псапэр зымыгъэбагъуэр хилъэфэнущ, апхуэдэм дежкIэ лIэныгъэр фIыгъуэщ. И щIэныгъэм тету псэум Алыхьталэм нэхъыбэж кърегъэщIэнущ.

- Гугъэ нэпцIкIэ зытезыгъэум и IуэхущIафэхэр зэи фэрыщIыгъэншэ хъунукъым.

- Уа Iадэм и бын! Си тепщэгъуэр щыIэху, унафэщIхэм уащымышынэ. Унафэр Сэ щысIэщIэмылъ зэи къэхъунукъым.

Пагэр Жэнэтым ихьэнукъым

«Дапхуэдэу муслъымэныр зэрыщытын хуейр жытIэу, дэтхэнэ зыми укъыдэупщIмэ, жэуапхэр куэду зэщхьэщыкIынущ», - къыщIедзэ и хъутIбэр КъБР-м и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм и лэжьакIуэ, Iимам - хъатIиб Емкъуж Анзор. АдэкIэ къыпещэ:

«ДЫЗЭРЫТ зэманым ислъамымрэ муслъымэнхэмрэ ятехуауэ мыхъумыщIагъэ куэд зэхыдох. ЦIыхухэр ислъамым щагъащтэ. Ауэ псом нэхърэ гур нэхъ хэзыгъэщIыр муслъымэныгъэр щIэпхъаджагъэм зэрырапхырщ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ укъеплъми, махуэ къэс ислъам диным цIыхухэр къохьэ. Диным и пщIэми ар зезыхьэхэм я бжыгъэми хохъуэ. ДапхуэдэутIэ муслъымэныр зэрыщытыпхъэр? Тхылъ лъапIэр зэтетхрэ «Iэл-Фуркъан» сурэм дыкъеджэмэ, жэуапхэм я нэхъ IупщIыр абы къыщыдогъуэт. Iиман куу зиIэхэм щатепсэлъыхькIэ, абы къигъэсэбэп псалъэхэм девгъэплъыт: «Алыхьталэм и пщылIхэу щIылъэм Iэсэу щызекIуэхэр». ФIэщхъуныгъэ зыбгъэдэлъхэр дэни щыщабэщ, адрей цIыхухэми епэгэкIыркъым. Сыт хуэдиз цIыху нобэ тлъагъурэ я пагагъыр нэм къыщIаIурэ адрейхэм нэхърэ зэрынэхъыфIыр къафIыдрихьейуэ?! ЦIыху дапщэ тлъагъурэ ябгъэдэлъ мылъкум, уеблэмэ я щIэныгъэм ириуэркъыу? Ауэ щыхъукIэ, муслъымэн нэсыр езым нэхърэ нэхъ лъахъшэхэм я пIэ иувэфу апхуэдэщ, абы бгъэдэлъ мылъкуми иIыгъ къулыкъуми елъытакъым цIыхум зэрыхущытыр. Аращ щIэныгъэ зыбгъэдэлъымрэ щIэныгъэншэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр. Уи пагагъым тхьэмыщкIэхэм сэлам епхыну е уепсэлъэну къыпхуимыдэмэ, шейтIаным и уридэIэпыкъуэгъуу аращ, сыту жыпIэмэ, япэ дыдэ пагагъэр утыкум къизыхьар Iиблисщ.

Бегъымбар лъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам жиIащ: «Зы хьэдзэ хуэдиз пагагъ зи гум илъыр Жэнэтым ихьэнукъым».

Iимамым дызыщигъащтэ хьэл мыхъумыщIэхэм Алыхьым дыщихъумэ, муслъымэным хуэфащэ купщIэрэ теплъэрэ дэтхэнэ зыми Тхьэм къыдит.

Курыт школхэм хьэрыпыбзэр щаджынущ

УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергей зэрыжиIэмкIэ, илъэситI дэкIмэ, хьэрыпыбзэр еджакIуэхэм я гукъыдэжкIэ ятыну хуит экзаменихым яз хъунущ.

ХЪЫБАРЫЩIЭР щагъэIуар жэпуэгъуэм и 21-рщ. А махуэм Урысейм щыхьэщIащ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм я президент Iэл-Нэхэян Мухьэмэд. Хьэрып къэралым и лIыщхьэр УФ-м и Президент Путин Владимир и гъусэу ирагъэблэгъат Примаков Евгений и цIэр зезыхьэ гимназием. Бзэм мащIэу хэгъуэза еджакIуэхэр хьэщIэ лъапIэм «Сэбахьул хъэйр» («Уи пщэдджыжь фIыуэ») жраIащ, езыми гуапэу жэуап къаритащ. Абы къегъэлъагъуэ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэмрэ Урысеймрэ я зэхутыщытыкIэр зэрефIакIуэр. Зым адрейм и бзэр зэрызэригъащIэм нэмыщI, къэралитIыр егъэджакIуэрэ еджакIуэкIэ зэхъуэжэну я мурадщ. А псом и фIыгъэкIэ къыдэкIуэтей муслъымэн щIэблэм КъурIэн лъапIэмрэ ислъам динымрэ я бзэр ящIэу къыдэкIуэтеину Iэмал яIэнущ.

Япэ дыдэ хьэрыпыбзэр Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм хагъэхьэным тепсэлъыхьын щыщIадзар 2023 гъэм и дыгъэгъазэрщ. Рособрнадзорым и унафэщI Музаев Анзор жиIэжат Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм Урыс школ къызэIуахын Iуэху зэрызэрахуэр, Урысейм хьэрыпыбзэ щрагъэджынми зэрыхуэхьэзырыр. Къэрал егъэджэныгъэ хабзэр яубзыхуа нэужь, хьэрыпыбзэр курыт школхэм щаджу щIадзэн гугъэ щыIэщ.

Дызэрыт илъэсым и щэкIуэгъуэм Iэл-Нэхэян Мухьэмэд здаша гимназием щекIуэкIынущ Хьэрыпыбзэр дызэрыт зэманымрэ дунеймрэ зэрыщаджыпхъэм теухуа дунейпсо зэхуэсышхуэ. Абы ирагъэблэгъэнущ къэралипщIым щыщ щIэныгъэлIхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ.

Иджыпсту кIэ урысей еджакIуэхэм къэпщытэныгъэр зэрат бзэхэм хохьэ инджылызыбзэр, франджыбзэр, нэмыцэбзэр, китаибзэр, испаныбзэр. Хьэрыпыбзэр абыхэм еханэу яхэувэнущ.

КъурIэным и фIыгъуэ дымыгъэунэхуахэр

(ЩIэдзапIэр №№91, 100, 115 къыдэкIыгъуэхэм итщ)

Дэ къыпыдощэ КъурIэн лъапIэм къыдэкIуэ фIыгъуэхэр дигу къэзыгъэкIыж тхыгъэхэм. Ауэ дэтхэнэ зыми дигу идгъэлъыпхъэщ абыхэм жьэкIэ дыкъеджэ къудейкIэ ди хъуэпсапIэр къыдэмыхъулIэнкIи зэрыхъунур. Алыхьталэм и нэIэ зэрыттримыгъэкIыр щынаIуэкIэ, дызэрелъэIури къыщIытхуищIэнур Езым дыхуэжыIэщIэмэщ.

«Iэн-Нэджм» сурэм уигу иплъхьар къохъулIэн щхьэкIэ 21-рэ укъеджэну фIыщ.

«Iэл-Къэмэр» сурэм уи гум шынэр ирех.

«Iэр-Рэхьман» сурэм къеджэм и гур гуфIэгъуэм егъэнщI, и унэр мамыр, и хьэрычэт Iуэхухэр берычэт ещI.

«Iэл-Уакъихьэ» сурэм къеджэр зыми хуэмыныкъуэу, мылъкурэ пщIэрэ иIэу псэунущ. Зи мылъкур зыфIэмащIэр ахъшэмымрэ жасымрэ я зэхуакум а сурэм кърыреджэ.

«Iэл-Хьэдид» сурэм 70-рэ къеджэм и лэжьапIэм ехъулIэныгъэ щиIэнущ, пIейтеиным щыхъума хъунущ, къаруушхуэ къылъыкъуэкIынущ.

«Iэл-Муджадилэ» сурэм щIы Iэбжьыгу пIыгъыу укъеджэрэ, ар бийм ебдзмэ, ар щIэпхъуэжынущ.

«Iэл-Хьэшр» сурэм духьэ щIэпщIа Iуэху гуэрым папщIэ укъеджэмэ, узыщIэлъэIур Алыхьталэм мыгувэу къыпхуищIэнущ.

«Iэл-Мумтэхьэнэ» сурэм щIэх-щIэхыурэ къеджэм и гур фэрыщIыгъэм ибгынэнущ.

«Iэщ-Щэф» сурэм 3 укъеджэрэ цIыху гуэрым уепщэмэ, абы и къарум къыхэхъуэнущ, езыми зыри къытекIуэнукъым.

«Iэл-Джумхьэ» сурэм зэщхьэгъусэхэр 5 къеджэмэ, я зэхуакум лъагъуныгъэмрэ зэгурыIуэмрэ къыщыщIэрэщIэжынущ, я зэхущытыкIэри зэтеувэжынущ.

«Iэл-Мунафикъуун» сурэм 100-рэ къеджэ цIыхум къыхуэпсалъэ фыгъуэнэдхэм зыри къращIэфынукъым.

«Iэт-Тэгъабун» сурэм 7 укъеджэмэ, ар бгъэпщкIуа мылъкум хъумакIуэ хуэхъунущ.

«IэтI-ТIэлакъ» сурэм 7 укъеджэмэ, бзаджагъэкIэ уи ужь къихьа цIыхубзым щыхъума ухъунущ. КъинэмыщIауэ, а сурэм укъеджэну фIыщ щIыхуэр птекIыжын, узыщымыгугъа лъэныкъуэм къикIыу мылъку къыпхэхъуэн папщIэ.

«Iэт-Тэхьрим» сурэм зэщхьэгъусэхэр я зэхущытыкIэр ирагъэфIэкIуэн мурадкIэ къеджэмэ, Алыхьталэм абыхэм я гукъыдэжыр ядиIыгъынущ.

«Iэл-Мулъкъ» сурэм 7 къеджэм и гуныкъуэгъуэ псори щхьэщыкIынурэ, фIэкIуэдари къигъуэтыжынущ. Дыгъэ къыкъуэкIыгъуэм щегъэжьауэ нэху щыху а сурэм къеджэн хьэл зиIэм берычэт щхьэхуэ къыхудэкIуэнущ.

«Iэл-Къэлэм» сурэм 10 къеджэр нэ къытехуэным щыхъума хъунущ, и тхьэлъэIухэми жэуап ягъуэтынущ.

«Iэл-Хьэкъкъэ» сурэм къеджэр бийм пэлъэщынущ, абы и хьэгъэщагъэхэми къелынущ.

«Iэ-Мэхьаридж» сурэм 10 къеджам Къемэт Махуэм шынэ къыпкърыхьэнукъым.

«Нухь» сурэм нэхъ мащIэ дыдэу зэ къеджэм бийр жыжьэу Iуихунущ.

«Iэ-Джинн» сурэм 7 къеджэр нэ Iейм, жинхэмрэ шейтIанхэмрэ, псалъэ жагъуэм щыхъума хъунущ.

«Iэл-Музэммил» сурэмкIэ сабий гужьеям уепщэмэ, и шынэр щхьэщыкIынущ.

«Iэл-Мудэссир» сурэм Iей псоми ущихъумэнущ.

«Iэл-Къиямэ» сурэм къеджэрейм Къемэт Махуэр къехьэлъэкIынукъым.

«Iэл-Инсан» сурэм 7 къеджэм Алыхьым бзаджэр къыбгъэдигъэхьэнукъым, Бегъымбар ЛъапIэу щэлатымрэ сэламымрэ зэхам и унагъуэм щыщ цIыхухэм гъунэгъу яхуищIынурэ, ахэр къыщхьэщыжакIуэу къритынущ.

«Iэл-Мурсэлат» сурэм пцIы къыптралъхьэным ущехъумэ.

«Iэн-НэбэI» сурэм шэджагъуэ нэмэз нэужьым махуэ къэс къеджа цIыхум и мащэр абы къигъэнэхунущ.

«Iэн-Назихьат» сурэм къеджэрейм и лIэгъуэр къэсмэ, и псэр тыншу хэкIынущ.

«Хьэбэсэ» сурэм Алыхьым узэрелъэIуа гуэр уи гум уилъу укъеджэмэ, къохъулIэнущ.

«Iэт-Тэкуир» сурэм къеджэр зыхуэзэ цIыхухэм фIыкIэ ягу къинэнущ.

«Iэл-МутIэффифин» сурэм 7 къеджэм и сату Iуэхухэр къехъулIэнущ.

Псапэ нэмэзыр щыбгъэтыж хъуну?

УпщIэ: Псапэ нэмэз гуэр пщIыуэ щIэбдзамэ, ар зыгуэркIэ щыбгъэтыжмэ, гуэныхь къэпхьыну? Сыт хуэдэ сурэхэр къыубжмэ нэхъыфI, псапэ нэмэз щыпщIкIэ?

УпщIэм и жэуапыр къыдитащ Iустаз **Гуащокъуэ Абдулбакъий**:

- Псапэ нэмэзхэр «щыбгъэтыж хъуну е щыбгъэтыж мыхъуну» лIэужьыгъуэкIэ зэхэбдз хъунукъым. Псори зэхуэдэщ: пхуэщIмэ, уощI, пхузэфIэмыкIмэ, къыбогъанэ. ПхуэмыщIрэ къэбгъэнэжмэ, зыри ягъэ кIынукъым, гуэныхьи къыптехуэнукъым. Ауэ гуэныхь къызэрыптемыхуэр псапэ нэмэзыр къыщIэбгъэнэн щхьэусыгъуэкъым, дауи.

Сурэхэм ящыщу теплъхьэным я нэхъыфIыр уэ нэхъ къапщтэрщ. Уи гум нэхъ хыхьэр, нэхъ пфIэфIыр, нэхъ дахэу, захуэу къыпхуэбжырщ.

ЩэкIуэгъуэм и нэмэз щIыгъуэхэр

● Фи лъэIукIэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, мэрем	05.12	06.42	12.00	14.43	16.59	18.39
2, щэбэт	05.13	06.43	12.00	14.42	16.58	18.38
3, тхьэмахуэ	05.14	06.44	12.00	14.41	16.57	18.37
4, блыщхьэ	05.15	06.45	12.00	14.40	16.55	18.35
5, гъубж	05.17	06.47	12.00	14.39	16.54	18.34
6, бэрэжьей	05.18	06.48	12.00	14.38	16.53	18.33
7, махуэку	05.19	06.49	12.00	14.37	16.52	18.32
8, мэрем	05.21	06.51	12.00	14.36	16.51	18.31
9, щэбэт	05.22	06.52	12.00	14.35	16.50	18.30
10, тхьэмахуэ	05.23	06.53	12.00	14.34	16.48	18.28
11, блыщхьэ	05.25	06.55	12.00	14.33	16.47	18.27
12, гъубж	05.26	06.56	12.00	14.32	16.46	18.26
13, бэрэжьей	05.27	06.57	12.00	14.32	16.45	18.25
14, махуэку	05.28	06.58	12.00	14.31	16.44	18.24
15, мэрем	05.30	07.00	12.01	14.30	16.43	18.23
16, щэбэт	05.31	07.01	12.01	14.29	16.43	18.23
17, тхьэмахуэ	05.32	07.02	12.01	14.29	16.42	18.22
18, блыщхьэ	05.33	07.03	12.01	14.28	16.41	18.21
19, гъубж	05.35	07.05	12.01	14.27	16.40	18.20
20, бэрэжьей	05.36	07.06	12.02	14.27	16.39	18.19
21, махуэку	05.37	07.07	12.02	14.26	16.39	18.19
22, мэрем	05.38	07.08	12.02	14.26	16.38	18.18
23, щэбэт	05.40	07.10	12.02	14.25	16.37	18.17
24, тхьэмахуэ	05.41	07.11	12.03	14.25	16.37	18.17
25, блыщхьэ	05.42	07.12	12.03	14.24	16.36	18.16
26, гъубж	05.43	07.13	12.03	14.24	16.36	18.16
27, бэрэжьей	05.44	07.14	12.04	14.23	16.35	18.15
28, махуэку	05.46	07.16	12.04	14.23	16.35	18.15
29, мэрем	05.47	07.17	12.04	14.23	16.34	18.14
30, щэбэт	05.48	07.18	12.05	14.22	16.34	18.14

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я IуэхущIапIэм къыдитащ.

● ЩIэныгъэ

«Гъуазэм» и дунейм

Лъэпкъ щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ ехьэлIа лэжьыгъэщIэ дунейм къыщытехьэкIэ, адыгэм и зэхэщIыкIыр къэзылъэт, абы пшапIэудз хуэхъу Iуэхугъуэ къэунэхуащи, дыщогуфIыкI. Ауэ а гуащIэдэкIыр адыгэбзэкIэ щызэгъэпэщам деж, гуфIэгъуэр тIуащIэ мэхъу. Ар къызыхэкIыр гурыIуэгъуэу къыщIэкIынущ - адыгэбзэр, дэтхэнэ зы лъэпкъ мащIэми и анэдэлъхубзэм хуэдэу, тIасхъапIэ итщ. А щытыкIэм къигъэщIащ бзэхэр хъумэным епха IэнатIэр. Тыншкъым, ар къэгъэнауэ, гугъуехь куэд зыпыщIа IэнатIэщ. Тепщэ хъуа бзэм къищынэмыщIауэ, мыдрейхэм ягъуэт гулъытэр щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къызэфIагъуэ. АфIэкIа хэмылъми, «Фрегат» тхылъ тедзапIэм иджыблагъэ къыщыдэкIа, «Гъуазэ» фIэщыгъэ дахэр зыгъуэта журналым и япэ къыдэкIыгъуэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр нахуэщ.

ДУНЕЙР кIуэтэху цIыкIу мэхъу, цIыхухэр зэрызэлъэIэс бзэхэм я бжыгъэми кIэреч. Утыкушхуэр зыгъуэта лъэпкъыбзэхэм я Iэмалхэм хохъуэ, щIыпIэ пыухыкIам къина бзэхэм ирипсалъэхэм хэщIуэрэ макIуэ. Политикэ зэIумыбзым бзэхэр вакъэ зэв зэрыригъэувэм и щыхьэтщ абыхэм я пщIэр нэхъри игъэцIыкIум, щызэрахьэ щIыпIэхэр нэхъ мащIэ ищIурэ иджы дызэрыт щытыкIэ хьэлъэм дызэриувар. Зым дежкIи щэхукъым, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр щыпсэу къалэр къэгъэнауэ, ди лъэпкъыщхьэр къахъумэну дызыщыгугъ къуажэхэм анэдэлъхубзэм и Iуэхур зэрыщекIакIуэр - ныбжьыщIэ цIыкIухэм анэдэлъхубзэр зымыщIэ яхэтщ, уеблэмэ ар зэхэзымыщIыкIыххи къахокI. Сабийм анэбзэр зэримыщIэм ирипIейтейуэ иджырей адэ-анэм яхэтыр мащIэщ. Нэхъыбэм я щхьэ илъыр нэгъуэщIщ - къэрал гъэунэхуныгъэхэм щыхыхьэкIэ, я быным къэралыбзэмрэ есэпымрэ фIы дыдэу ящIэн зэрыхуейрщ.

БзэщIэныгъэлI цIэрыIуэхэр (Дюмезиль Жорж, Лэнгдон Маргарет, Манро Памелэ, нэгъуэщIхэри) зы гупсысэкIэ зэдэарэзыщ: хамэбзэхэмрэ щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэ цIыхум IэщIагъэфI игъуэтыным хуэгъэпсамэ, анэдэлъхубзэр абы и цIыхугъэр къэIэтыным къыхуигъэщIащ. «Тхьэм хилъхьауэ анэбзэм къыхэубыдыкIыгъуейуэ зы фIагъ гуэр хэлъщ, ар зи Iэмыщэ къихьэм и цIыхугъэкIэ упэмылъэщыну. Апхуэдэм дунейм къытрихьэ хъугъуэфIыгъуэр къыпхуэмылъытэну ин дыдэщ», – етх Америкэм и Штат Зэгуэтхэм щыпсэу щIыдэлъху лъэпкъхэм я бзэ кIуэдыжхэр зыдза, абыхэм я псалъэлъэхэмрэ грамматикэхэмрэ дунейпсо щIэныгъэм и утыкум изыхьа Лэнгдон Маргарет. А бзылъхугъэм хэт нэхъри нэхъ зыхищIат дунейм текIуэдыкIыж бзэм хэлъ гуащIэм и инагъыр. Лэнгдон Маргарет и цIэр ауэ сытми къитIуакъым. ЩIэныгъэм зэрыхыхьэрэ адыгэбзэм елэжь Коларуссо Джон абы псэлъэгъу щыхуэхъум, жриIэгъат Кавказым щызекIуэ бзэхэр зэрытIорысэр абыхэм хэлъ макъхэм къызэраIуатэр, апхуэдиз ныбжь зиIэ щIэныгъэр мащIэ-мащIэурэ и лъащIэмкIэ зэрыщIэткIукIыр. Маргарет жэуап гъэщIэгъуэн къитыгъащ: «Бзэм кIуапIэрэ щыIапIэрэ имыгъуэтыжу щытыкIэ хьэлъэ иувэми, тхыбзэм илъмэ, гугъапIэ иIэнущ. Анэдэлъхубзэхэр зыхъумэфынур ар езыгъэджхэрщ. ЕгъэджакIуэ псоми яхузэфIэмыкIын яIэщIэлъщ анэдэлъхубзэхэр зи IэщIагъэм - бзэр хъумэныр. Ауэ абы щхьэкIэ лъапIэ дыдэу зы мащIэ хуэныкъуэнущ ахэр - зыщымысхьыжыныр. Армырмэ, бзэр кIуэдыпIэ итщ».

ГъэщIэгъуэнраци, Лэнгдон Маргарет зи гугъу ищIа щытыкIэм дитщ. Адэ-анэм анэдэлъхубзэхэм хуащIын хуей гулъытэр къыщымэщIам, къэралым и пщэ дэлъ къалэныр къыщигъэлэлам, дэр хуэдэ лъэпкъхэм гугъапIэу къахуэнэжыр егъэджакIуэхэращ. Адыгэбзэмрэ лъэпкъ гупсысэм и къэгъэщIыгъэхэмрэ курыт еджапIэм зэрыщаджыр егъэфIэкIуэным, лъэпкъ зэхэщIыкI зиIэ щIалэгъуалэр къэгъэтэджыным щхьэхуэныгъэ куэд пыщIащ. А щхьэусыгъуэм «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондыр иригъэувэлIащ егъэджакIуэхэм я IэнатIэр ящызыгъэпсынщIэ журнал къыдэгъэкIын зэрыхуейм.

«Гъуазэ» фIэщыгъэр зыгъуэта журналым и редактор нэхъыщхьэр «Адыгэ дуней» лъэпкъ фондым и унафэщI ХьэцIыкIу Раещ. Илъэс Iэджэ лъандэрэ адыгэбзэр зэраджынум теухуауэ лэжьыгъэ купщIафIэ ирегъэкIуэкI, егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэм щыщхьэпэну тхылъ зыбжанэ къыдигъэкIащ, Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм иджыри къыздэсым щызу щызэрамыгъэпэща «Адыгэбзэм и псалъэ гъэпсыкIэм и псалъалъэр» зэхигъэуващ. Абы къыкъуэуващ фондым и лэжьакIуэхэм я мызакъуэу, ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм хэтхэри, КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и лэжьакIуэхэри, КъБР-м и щIыналъэхэм егъэджэныгъэмкIэ щыIэ къулыкъущIапIэхэм я IэщIагъэрылажьэхэри. Журналым хэлъын хуей фIагъхэр зыгъэбэгъуэнухэм я бжыгъэр зэрыхэхъуэнуми шэч хэлъкъым.

«Гъуазэр» егъэджакIуэфIхэм я къэхутэныгъэхэмкIэ щызэхъуэжэн, я Iуэху еплъыкIэ гъэщIэгъуэнхэр утыку щащIын, классщIыб лэжьыгъэр зэрефIэкIуэн чэнджэщхэр къыщагъуэтын журналу щытын хуейуэ гъэпсащ. Абы и напэкIуэцIхэм щыщ траухуэнущ лъэпкъ литературэм увыпIэ лъагэ щызубыдахэми, нобэ гугъэ къыдату зи макъ къэзызыгъэIуахэми.

КъыдэкIыгъуэ къэс щапхъэ папщIэу журналым итынущ бзэмрэ литературэмрэ нобэрей еджакIуэхэм щIэщыгъуэ ящызыщI бгъэдыхьэкIэщIэхэр къызыхэщ дерс гъэпсахэр. Бзэми литературэми ехьэлIа Iуэхугъуэ зэIумыбзхэр щыIэщ. Ахэр щызэпкърах лэжьыгъэхэри журналым къытехуэнущ. КъищынэмыщIауэ, адыгэ бзэщIэныгъэм зиужьын папщIэ зи гуащIэ емыблэжу лэжьыгъэшхуэ къызэзынэкIа щIэныгъэлIхэми я гъащIэмрэ щIагъэмрэ теухуа тхыгъэхэри журналым зэрыкIуэнум къызэгъэпэщакIуэхэр хущIэкъунущ. Журналым и япэ къыдэкIыгъуэм къытехуащ адыгэбзэ щIэныгъэм зиужьыным зи къарур хэзылъхьа Рогавэ Георгий теухуа тхыгъэ.

«Гъуазэм» елэжьхэм игъуэу къалъытащ ар зыIэрыхьэну егъэджакIуэхэм куэдрэ къалъыхъуэ бзэхабзэ Iуэхугъуэхэри абы къытедзэныр. Псалъэм папщIэ, адыгэбзэм и пэжырытхэ икIи нагъыщэ гъэувыкIэ хабзэхэр Iыхьэ-Iыхьэурэ къытехуэнущ. ЕгъэджакIуэхэр куэдрэ щыщIэупщIэ щыIэщ щIыналъэпсо икIи хэгъэгупсо олимпиадэхэм къагъэув къалэнхэм ещхьыфэ кърату еджакIуэхэм дагъэлэжьэну. А Iуэхугъуэм къыхэкIащ блэкIа илъэсхэм олимпиадэхэм хэта лэжьыгъэр журналым къытедзэн гупсысэр.

Мыхьэнэшхуэ иIэщ егъэджакIуэфIхэм я цIэр къэIэтыным, ахэр къыдэкIуэтей щIэблэм дежкIэ гъуазэу зэрыщытыр нэхъыбэр зэхегъэхыным. IэнатIэм зыщымысхьыжу илъэс Iэджэ лъандэрэ пэрыт егъэджакIуэ пашэхэм анэдэлъхубзэр гъащIэ кIыхь зэрыхъуным я гуащIэ халъхьащи, я цIэр фIыкIэ къэпсэлъыныр лъэпкъ хабзэхэм къокIу. Апхуэдэу мы къыдэкIыгъуэм къытехуащ Сэрмакъ (Бабыгуей) къуажэм дэт, Лыджыдэ Хьэлым и цIэр зезыхьэ 2-нэ курыт еджапIэм адыгэбзэмрэ литературэмрэ щезыгъэдж, КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ Бекъул-Мэшыкъуэ Iэсият теухуа тхыгъэ.

Журналыр егъэджакIуэм и дэIэпыкъуэгъуфI хъунуми гъащIэ кIыхь хъунуми нэхъыбэу зэлъытар абы егъэджакIуэр хуеинращи, «Гъуазэр» къыдэзыгъэкIхэр щогугъ ирагъэжьа Iуэхум ахэр къыкъуэувэну, егъэджэныгъэм и IэмалыфIхэмкIэ ягъэбэгъуэну анэдэлъхубзэмкIэ щIэблэм яIэ щIэныгъэмрэ абы хуаIэ лъагъуныгъэмрэ.

Дунейм къытехьа журналыщIэм и япэ къыдэкIыгъуэр бжыгъэкIэ 500 хъууэ аращ, къызэгъэпэщакIуэхэм ар егъэджакIуэхэм хузэбгратыкIыну траухуащ. Лэжьыгъэшхуэ зэщIэкIа хъуа IуэхущIафэр гъуэгу махуэ теувэну, абы и щыIэныгъэр кIыхь зыщIыну лъэпкъыпсэхэр нэхъыбэ хъуну ди гуапэщ.

Тхыгъэри сурэтри зейр
ШУРДЫМ Динэщ.



● Гъэлъэгъуэныгъэхэр

ТхыпхъэщIыпхъэ гъэщIэгъуэнхэр

Налшык дэт Лъэпкъ музейм иджыблагъэ къыщызэIуахащ «Мозаики Юга России» зыфIаща гъэлъэгъуэныгъэ гъэщIэгъуэн.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Карчаевэ Iэминэ**, ди республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физкультурэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм и зыужьыныгъэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и тхьэмадэ **Текуев Амурбий**, «Кучково поле Музеон» тхылъ тедзапIэм и редактор нэхъыщхьэ Кучков Георгий сымэ, къалэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ.

Къэпсэлъа псоми зы жьэу жаIащ мывэкIэщхъхэр, абдж зэмыфэгъухэр зэхагъэувэурэ къагъэщI сурэтхэр, тхыпхъэщIыпхъэхэр гъуазджэм и лIэужьыгъуэ гъэщIэгъуэну зэрыщытыр, я нэхъ гугъуи къызэралъытэр. Музейм и пэшым щалъагъу псом зэрыщIэщыгъуэр, мы гъуазджэ лIэужьыгъуэр щIэх-щIэхыурэ утыку къихьэн, цIыху нэхъыбэм егъэлъагъун зэрыхуейри къыхагъэщащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм и хьэщIэ лъапIэт сурэтыщI, монументальнэ мозаикэхэр зи Iэдакъэщ1экI Ездэч Владимир. Абы иратащ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр, сурэтыщI гъуазджэм хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ.

Гъэлъэгъуэныгъэр къызэрызэIуах пэублэ псалъэхэм къакIэлъыкIуащ выставкэм и цIэджэгъу «Мозаики Юга России» тхылъыр зи IэдакъэщIэкIхэм ящыщ Бычков Игорь иригъэкIуэкIа, лэжьыгъэм гупсэхуу и гугъу щищIа лекцэр. Къызэхуэсахэм ар зэрафIэгъэщIэгъуэныр я нэгум къибджыкIырт, ахэр зыщIэупщIэну хуейхэри мащIэтэкъым.

Пэшым щагъэлъагъуэ лэжьыгъэхэм, мозаикэхэр къызытещ сурэтхэм я нэхъыбэр ди республикэм и гъэтIылъыгъэхэм ящыщщ. Ахэр зыфIэгъэщIэгъуэнхэр фепIэщIэкI, гъэлъэгъуэныгъэр зыхуамыщIыж щIыкIэ.

ИСТЭПАН Залинэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

СурэтыщI ныбжьыщIэхэр утыку къраша

СурэтыщI гъуазджэмкIэ Ткаченкэ А. Л. и цIэр зезыхьэ музейм къыщызэIуахащ «Кавказ. Притяжение будущего» зэпеуэм хэт ныбжьыщIэхэм ящIа лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ. Ар ХудожествэхэмкIэ Урысей академием, Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм зэщIыгъуу къызэрагъэпэщащ.

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭР «Кавказ Ищхъэрэм и иджырей сурэтыщIхэм я IэдакъэщIэкIхэм щIэщыгъуэу хэлъыр» щIэныгъэ-егъэджэныгъэ лэжьыгъэм и зы Iыхьэщ. Музейм щагъэлъагъуэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм, Къырымым, ДНР-м, ЛНР-м, Адыгейм, Абхъазым, Осетие Ипщэм, Азербайджаным, Армением, Грузием щыщ сурэтыщI ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэр. Зэпеуэм хыхьахэм я ныбжьыр илъэс 35-м фIэкIыркъым. Iуэхум ирагъэхьа лэжьыгъэ 75-м ящыщу 56-рэ къыхахащ.

Гъэлъэгъуэныгъэм теухуа зэIущIэр къызэIуихащ РАХ-м и академик, Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь **Ступин Сергей**.

- ХудожествэхэмкIэ Урысей академиемрэ Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэмрэ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ Парламентымрэ я дэIэпыкъуэгъуу къызэрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм хагъэхьа сурэтхэр удэзыхьэхщ, абыхэм ящыщ дэтхэнэми щхьэхуэныгъэ хыболъагъуэ. Илъэс 35-м щхьэдэмыха сурэтыщIхэм езыхэм я хъэтI хэха зэраIэр нэрылъагъущ, - жиIащ абы.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ ХудожествэхэмкIэ Урысей академием и Ипщэ къудамэм и унафэщI, Урысей академием и академик, УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI, Ипщэ федеральнэ университетым архитектурэмрэ гъуазджэмкIэ и академием сурэт щIынымкIэ, графикэмрэ скульптурэмкIэ и кафедрэм и профессор **Олешня Сергей**.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым сыкъэкIуэныр сыт щыгъуи си гуапэщ, сыту жыпIэмэ мыр я щIыналъэщ дуней псом щыцIэрыIуэ сурэтыщI куэдым. Абыхэм ящыщщ Пащты Гермэн, КIыщ Мухьэдин, ТхьэкIумашэ Михаил сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зэгуэр, 70 гъэхэм, сыщIалэжь цIыкIуу Налшык сыкъэкIуауэ, сызыIущIауэ щытахэм сурэтыщI гъуазджэм апхуэдиз дахагъэрэ щIэщыгъуагъэрэ халъхьэну иджыри сщIэртэкъым, - жиIащ абы. КъБР-м и сурэтыщI цIэрыIуэхэм ящыщу я цIэ кърииуащ зэIущIэм кърихьэлIа и ныбжьэгъухэми - Црым Руслану ГъущIапщэ Арсенрэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм и гугъу щищIым, къыхигъэщащ ХудожествэхэмкIэ Урысей академием и президент, СССР-мрэ УФ-мрэ я цIыхубэ сурэтыщI Церетели Зураб, Урысейм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь Ступин Сергей сымэ ящIэ лэжьыгъэм егъэлеяуэ пщIэ зэрыхуищIыр. Езыр зи профессор университетым тепсэлъыхьу жиIащ, абы скульптурэмкIэ къудамэр къыщызэIуах къудей мыхъуу, абыкIэ кафедри зэрызэрагъэпэщар.

- Нобэ зи IэдакъэщIэкIхэр гъэлъэгъуэныгъэм хэт щIалэгъуалэм я зэчийхэр нэхъри къызыкъуахыну, сурэт телъыджэхэр утыку кърахьэну, сурэтыщI ныбжьыщIэхэр фIым я фIыжу къыщIэкIыну ди гуапэщ, - жиIащ абы.

УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI, ХудожествэхэмкIэ Урысей академием и академик **Петров Константин** къытеувыIащ гъэлъэгъуэныгъэм щIалэгъуалэ зэчиифIэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэм.

- ХудожествэхэмкIэ Урысей академием и президент Церетели Зураб академием и лэжьакIуэхэр щIэх-щIэхыурэ зэхуешэс, сурэтыщIым гъащIэм щиубид увыпIэм, абы и лэжьэкIэм, и гупсысэкIэм топсэлъыхь. Iуэхугъуэ нэхъыщхьэ дыдэу зэIущIэхэм сыт щыгъуи къыщыувыр къыдэкIуэтей щIэблэм къалъыс гулъытэм теухуахэрщ. Сурэт гъуазджэм и пIалъэр зыщIэ, IэнатIэ хэха зыIыгъ сурэтыщIхэм йоупщI: «Фэ егъэджакIуэ лъэщхэр фиIащ, абыхэм куэд къыфхалъхьащ. Иджы фыхьэзыр щIэблэм щIэныгъэкIэ фадэгуэшэжыну?!» - жиIэу. АтIэ, мы гъэлъэгъуэныгъэр щIалэгъуалэм я деж гъуазджэм зыщиужьыным ехьэлIа зы Iуэхугъуэщ. Мыр егъэлеяуэ яхуэщхьэпэну си гугъэщ сурэтыщI ныбжьыщIэхэм, - жиIащ Петровым.

ХудожествэхэмкIэ Урысей академием и член-корреспондент, РАХ-м и щIэныгъэкъэхутакIуэ институтым и щIэныгъэлI нэхъыщхьэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Астраханцевэ Татьянэ** жиIащ гъуазджэм и цIыхухэр щIалэгъуалэу е ныбжь зиIэу зэхэбгъэщхьэхукIыну къемызэгъыу. КъызэрыхигъэщамкIэ, зэчийм псори зэхуегъэдэ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ ХудожествэхэмкIэ Урысей академием щIыхь зиIэ и академик, УФ-м гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Бойцовэ Татьянэ**.

- Гъэлъэгъуэныгъэр гъэщIэгъуэнщ, лэжьыгъэхэр зэмыщхьщ. Мы лэжьыгъэхэмкIэ дэ долъагъу щIалэгъуалэм я зыхэщIыкIыр, дуней лъагъукIэр зыхуэдэр. Сыт нэхъ дэзыхьэхыр, зыгъэпIейтейр? Дауэ ар сурэтым къызэрыщагъэлъагъуэр! А псор къэплъытэмэ, дауи, нобэрей махуэр лъапIэщ, - къыхигъэщащ абы.

- Иджыпсту сызыщIэхъуэпсыр мыращ: зэгуэр, мыпхуэдэ зы утыку щыжысIэну сыхуейщ мы зэманым дызыхуэныкъуэ зы Iуэхугъуэм теухуа хъыбарыфI: «Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иIэщ сурэт щIынымкIэ, графикэмкIэ, скульптурэмкIэ кафедрэ!» - жиIащ КъБР-м и сурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI **Къаныкъуэ Жаннэ**.

Гъэлъэгъуэныгъэр щыIэнущ щэкIуэгъуэм и 10 хъуху.

ГУГЪУЭТ Заремэ,
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Ахъмэт Мусэбий и фэеплъщ

● Дзюдо

Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ, Налшык къалэм и «Гладиатор» спорт комплексым иджыблагъэ щекIуэкIащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Ахъмэт Мусэбий и фэеплъ урысейпсо зэхьэзэхуэ.

КЪЭРАЛЫМ и щIыналъэхэм ящыщу 14-м я дзюдоист ныбжьыщIэу (илъэс 21-рэ иримыкъуахэр) 215-м нэблагъэ абы къырихьэлIащ. ЩIалэхэри хъыджэбзхэри я хьэлъагъ елъытауэ гупи 8-уэ гуэшауэ щытащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм медали 9 къыщахьащ а зэхьэзэхуэм, абыхэм щыщу 3-р дыщэу, 2-р дыжьыну, 4-р домбеякъыу.

Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ увыпIэхэр щаубыдащ КIуж Тамерлан (кг 66-рэ), Беслъэней Дамир (кг 100+), Ахэмын Iэдисэ (кг 44-рэ) сымэ. ЕтIуанэ хъуахэщ Къущхьэ Тамерланрэ (73-рэ) Къуныжь Тамерланрэ (кг 90). Ещанэхэр Байрамкулов Алим (кг 55-рэ), Пщыбий Амир (кг 60), Соблыр Атмир (кг 73-рэ), ТIэхъу Алан (кг -100) сымэ.

Ахъмэт Мусэбий и фэеплъ зэхьэзэхуэм и кIэух зэIущIэм нэсахэм Iэмал ягъуэтащ Урысей Федерацэм пашэныгъэр щыубыдыным хуэунэтIауэ мы гъэм дыгъэгъазэм Рязань къалэм щекIуэкIыну зэпеуэм хэтыну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЯщIэн хуеяри арат

● Футбол

«Динамо-2» (Мэхъэчкъалэ) - «Спартак-Налшык» (Налшык) – 0:2 (0:2). Мэхъэчкъалэ. «Труд» стадион. Жэпуэгъуэм и 27-м. ЦIыхуи 100 еплъащ.

Судьяхэр: Лацвиев (Шахты), Карпович, Пак (тIури Санкт-Петербург щыщщ).

«Динамо-2»: Зайнудинов, Бабаханов, Джабраилов, Ахмедов (Умаханов, 46), Акаев (Юсупов, 46), Алиев, Яхьяев, Магомедов (Ибрагимов, 77), Абдуллабеков (Зайнанов, 63), Рикматуллаев (Будунов, 63), Гаджиев.

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Лелюкаев, Гъуэгузокъуэ, Далиев Дауд (Къардэн, 90), Блий (Молэмусэ, 79), Селяев (Уянов, 79), Далиев Дени, ХьэцIыкIу (Жангуразов, 67), Хьэшыр, Мэшыкъуэ, ЛIуп.

Топхэр дигъэкIащ: Далиев Дени, 31 (0:1). Далиев Дени, 89 (0:2).

Дагъуэ къыхуащIащ: Гаджиевым.

Джэгум къыхахуащ: Гаджиевыр (73-нэ дакъикъэм).

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ «Спартак-Налшыкым» вэсэмахуэ Дагъыстэным и къалащхьэ Мэхъэчкъалэ къыщыпэщылъа зэIущIэм ди щIалэхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэжтэкъым, турнир таблицэм я щытыкIэм щIагъуэу зэрызримыгъэхъуэжыфынур къэплъытэмэ. Апхуэдэу щыт пэтми емыкIу хъунут куэд щIауэ «гупкIэ дыдэм пыс» «Динамо-2»-м темыкIуэфыныр. Ар псоми къагурыIуэрт.

Джэгум и щIэдзэкIэм къигъэлъэгъуащ налшыкдэсхэм я Iыхьэр къащтэжыну ерыщу зэрыхущIэкъунур. ТекIуэныгъэм фIэкIа абыхэм плъапIэ яIэ хъунутэкъым. ИкIи ебгъэрыкIуэныгъэ лъэщхэр хэгъэрейхэм тракъутэу хуежьащ. Мэхъэчкъалэдэсхэм ар зэрыхуэшэчар сыхьэт ныкъуэкIэщ. 31-нэ дакъикъэм ЛIуп Ислъам Iэзэу кърита топыр къигъэсэбэпри, Далиев Дени «Спартак-Налшыкыр» япэ иригъэщащ.

Бжыгъэр къызэрызэIуахам ди щIалэхэм я Iуэхур нэхъ тынш ищIащ. Ахэр къемыплъэкIыжу адэкIи ебгъэрыкIуащ икIи топ зыбжанэ «Динамо-2»-м худагъэкIыфыну щытащ. Псом хуэмыдэу Iэмал хъарзынэхэр къахукъуэкI хъуащ 73-нэ дакъикъэм судьям етIуанэу дагъуэ къыхуищIу хэгъэрейхэм я гуащхьауэ Гаджиев Щамил джэгум къыхихуа иужькIэ. АрщхьэкIэ ар ящыхузэфэкIар зэIущIэр и кIэм нэблагъэпауэщ. Аргуэрыжьти, къыхэжаныкIар Далиев Денищ. 89-нэ дакъикъэм етIуанэ топыр абы щыдигъэкIам гурыIуэгъуэ дыдэ хъуащ «Спартак-Налшыкыр» очкоищ и Iэрылъхьэу Дагъыстэным и къалащхьэм къызэрикIыжынур.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, къуэш республикэхэм я командэхэми а махуэм дагъэгуфIэфакъым. Черкесск и «Нартыр» Каменск-Шахтинск щыIэу щIыпIэ «Строитель»-м къыхигъэщIащ. Мейкъуапэ и «Дружба»-ри Iэнэщ1у Кърмымым къикIыжащ, Ялтэ и «Рубин»-р къытекIуэри.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхудощI Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым а махуэм щекIуэкIа адрей зэIущIэхэм къарикIуа бжыгъэхэм. Мис ахэр: «**Астрахань**» (Астрахань) – «**Севастополь**» (Севастополь) - **5:2**, «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) - «**Победа**» (Хасавюрт) – **1:1**, «**Строитель**» (Каменск-Шахтинск) - «Нарт» (Черкесск) – **2:1**, «**Ростов-2**» (Дон Iус Ростов) – «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) – **2:1**, «**Алания-2**» (Владикавказ) - «**Ангушт**» (Нэзрэн) – **0:1**, «**Рубин**» (Ялтэ) - «**Дружба**» (Мейкъуапэ) **– 1:0**.

«Форте» (Таганрог) – «Легион» (Мэхъэчкъалэ) зэIущIэр щекIуэкIар дыгъуэпшыхьщ. Абы зыкъомкIэ щызэхэкIын хуеящ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыубыдынур хэтми.

ЩэкIуэгъуэм и 2-м къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» и стадионым къыщригъэблэгъэнущ Дон Iус Ростов и «Ростов-2» командэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Форте»	**28**	**18**	**5**	**5**	**59-26**	**59**
2. «Рубин»	30	18	4	8	44-25	**58**
3. «Ростов-2»	29	18	3	8	55-30	57
4. «Динамо-Ставрополь»	29	16	9	4	48-26	57
5. «Легион»	28	16	5	7	50-23	53
6. «Севастополь»	29	15	7	7	44-28	52
7. «Астрахань»	29	13	4	12	37-37	43
8. «Строитель»	29	11	9	9	34-31	42
9. «Ангушт»	29	8	14	7	22-21	38
10. «Нарт»	29	11	5	13	37-43	38
11. «Дружба»	29	11	3	15	36-38	36
12. «Спартак-Налшык»	**29**	**9**	**7**	**13**	**41-44**	**34**
13. «Кубань Холдинг»	29	8	9	12	25-34	33
14. «Биолог-Новокубанск»	29	8	5	16	38-49	29
15. «Победа»	30	6	9	15	32-47	27
16. «Алания-2»	30	4	5	21	21-78	17
17. «Динамо-2»	**29**	**3**	**5**	**21**	**16-59**	**14**

Мэкъумэшым и хэхъуэхэр

Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм иджыблагъэ къызэритамкIэ, 2024 гъэм и щIышылэ-фокIадэ мазэхэм къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэш продукцэу къыщIигъэкIащ сом мелард 51-м щIигъу и уасэ (иджыпсту къекIуэкI уасэхэм тещIыхьауэ) икIи ар проценти 4-кIэ нэхъыбэщ нэгъабэ къапщытэ лъэхъэнэм хуэзэу щыIа бжыгъэхэм нэхърэ.

ДЫЗЭРЫТ илъэсым и жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлIэу щIыналъэм и мэкъумэш, фермер, унеи IуэхущIапIэхэм псоми зэхэту яIыгъ Iэщ щхьэ бжыгъэм хэхъуащ, нэгъабэ и иджы хуэдэ зэманым щыIа бжыгъэхэм елъытауэ. Псалъэм папщIэ, Iэщышхуэу яIэщ мин 272,7-рэ, абы щыщу мини I39,3-р жэму. Псори зэхэту ди щIыналъэм щаIыгъщ кхъуэуэ - мини 4,1-рэ, мэлрэ бжэну - мини 424,8-рэ, джэдкъазу – мелуани 4,6-рэ.

Дызэрыт илъэсым и мазибгъум мэкъумэш, фермер, унеи IуэхущIапIэхэм псоми зэхэту лырэ джэдкъэзылу къалэжьащ (псэууэ шэчауэ) тонн мин 85,7-рэ. Нэгъабэрей бжыгъэхэм нэхърэ проценти 6,2-кIэ ар нэхъыбэщ. Шэуэ къашащ тонн мин 407,7-рэ е нэгъабэ щыIэ бжыгъэхэм проценти 102,2-кIэ хуэкIуэу. ДжэдыкIэу къыщIахащ мелуани 171,3-рэ. 2023 гъэм и мазибгъум къриубыдэу щыIа бжыгъэхэм нэхърэ проценти 3,7-кIэ ар нэхъыбэщ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Сом мин 600 IэщIагъэкIащ

2024 гъэм жэпуэгъуэм и 15-м Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ управленэм зыхуигъэзащ щIыпIэм щыпсэу, илъэс 30 зи ныбжь цIыхубзым.

ЗэрыжиIамкIэ, абы къепсэлъащ «Госуслуги» порталымрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я лэжьакIуэу зыкъэзыгъэлъэгъуа цIыхуитI икIи жаIащ бзаджащIэхэм абы и цIэкIэ кредит къащтэну зэрыхэтыр. Ар къамыгъэхъун папщIэ къэпсэлъахэм цIыхубзым къыхуагъэлъэгъуащ езым сом 800 000 къищтэу «шынагъуэншэ счетым» игъэкIуэну. ЦIыхубзым къыхуагъэлъэгъуа счетхэм банкоматхэмкIэ сом 600 000 ирилъхьащ.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

Полицэм фигу къегъэкIыж «безопасный», «резервный» счётхэр зэрыщымыIэр.

Къэрал IуэхущIапIэхэм щылажьэхэр цIыхухэм я деж псалъэркъым месенджер зэмылIэужьыгъуэхэр къагъэсэбэпу кредитхэр къащтэну, адэкIэ ахъшэр уэрамхэм тет банкоматхэмкIэ яутIыпщыну хуагъэлъагъуэу.

Апхуэдэхэр къывжаIэмэ, псалъэмакъыр псынщIэу зэпывуд. ГъэпцIакIуэхэм запэщIэвмыгъахуэ.

НаркотикхэкIхэр къытрах

Налшык УМВД-м Наркотикхэр зэрызэрагъэкIуэкIым кIэлъыплъынымкIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм Кировым и уэрамым щаубыдащ, нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 57-рэ зи ныбжь къалэдэсымрэ абы и цIыхугъэ, илъэс 58-рэ хъу, Нарткъалэ щыщ, нэхъапэми уголовнэ жэуапым ирашэлIамрэ.

ЦIыхухъухэр къыщащым къыкъуахащ полимер зэкIуэцIышыхьауэ тIу.

Экспертизэм къызэригъэлъэгъуамкIэ, къытрахар грамм 0,62-рэ «метамфетамин», грамм 0,16 «мефедрон» наркотикхэкIщ.

Шэч зыхуащIхэм языр щыпсэу унэр къыщащым, полицэм и лэжьакIуэхэм къагъуэтащ, иужькIэ экспертхэм зэраубзыхуамкIэ грамм, 268,4-рэ хъу «мефедрон» наркотикхэкI.

ЦIыхухъум зэрыжиIамкIэ, ар гъэтIылъыпIэ щэхухэр къигъэсэбэпу республикэм щригъэкIыну зигъэхьэзырт.

Уголовнэ Iуэхухэр къаIэтащ УФ-м и УК-м и 228-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм (хабзэншагъэкIэ наркотикхэкIхэр зыIэрыгъэхьэн, хъумэн, гъэIэпхъуэн), УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, 228.1-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм и «г» пунктым (хабзэм ебакъуэу наркотикхэкIхэр куэду игъэкIыным зепщытын) къыщыхьа щIэпхъаджагъэр ялэжьауэ.

ДыгъуакIуэр яубыдащ

Налшык къалэм уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм яубыдащ щыхьэрым щыIэ тыкуэнхэм язым щыдыгъуауэ шэч зыхуащIыр. Абы къыщIихащ сом 10 000-м щIигъу и уасэ шоколад.

2024 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ Управленэм зыхуигъэзащ тыкуэнхэм язым и унафэщIым.

ЦIыхубзым зэрыжиIащи, къэпщытэныгъэхэр щригъэкIуэкIым къихутащ ищхэм щыщ зэрыкIуэдар, зэрыкIэлъыплъ видеокамерэм къигъэлъэгъуащ телъхьэпIэхэм ар тезыхыр.

Урысей МВД-м Налшык къалэм щиIэ Управленэм Полицэм и къудамэ №1-м уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и лэжьакIуэхэм шэч зыхуащIыр яубыдащ. Ар нэхъапэми суд зытращIыхьа, илъэс 43-рэ зи ныбжь налшыкдэсырщ.

ЦIыхухъум илэжьамкIэ зиумысыжащ, жиIащ къидыгъуа шоколад 42-р сом 2 500-кIэ ищэу ахъшэр зыхуэныкъуэхэм зэрытригъэкIуэдар.

IуэхухэрщызэхагъэкIымкъыщIагъэщащ шэч зыхуащIыр Налшык къалэ щыIэ нэгъуэщI тыкуэнхэми тIэу зэрыщыдыгъуар.

Уголовнэ Iуэху къаIэтащ.

УАРДЭ Жантинэ.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Еллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.466
Заказыр №2321

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ ДыщэкI Соня, *корректорхэу* ПхытIыкI Марие *(1, 4-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(2, 3-нэ нап.)* *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ.

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.

Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.